

**REALITAS SOSIOPOLITIK SAHA NILAI PROFETIK SALEBETING
ANTOLOGI GEGURITAN *REPUBLIK TEGALAN*
(KAJIAN SOSIOANTROPOLOGI RELIGI SASTRA)**



**Dening:
Dahlia Nurul Amalah
NIM 17714251005**

**Tesis menika dipunserat minangka jejangkeping pandadaran anggayuh
gelar Magister Pendidikan**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

SARINING PANALITEN

DAHLIA NURUL AMALAH: *Realitas Sosiopolitik saha Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan Republik Tegal (Kajian Sosioantropologi Religi Sastra)*. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken aspek sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* mawi *perspektif* kajian sosioantropologi religi sastra. Panaliten menika ngginakaken *metode deskriptif kualitatif* kangge ngandharaken kedadosan ingkang kapanggihaken kanthi tumata, jumbuh kasunyatanipun, saha premati. Cara maos saha nyathet dipunginakaken kangge ngempalaken data awujud *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik. Cara *analisis* data ngginakaken *analisis isi*, inggih menika ngringkes data, mantha data, ngecakaken data, saha damel tafsiran. Panaliten menika dipunsahaken mawi *validitas semantik* saha *validitas referensial*, *reliabilitas intrarater* saha *reliabilitas interrater*. Asiling panaliten menika ngecakaken kalih perkawis, inggih menika: (1) perkawis *realitas* sosiopolitik kultural ingkang awujud (a) kuwasa politik, (b) konflik politik, (c) demokrasi politik, saha (d) korupsi. Salebeting pirembagan kasebat kawrat budaya politik Jawa cara Sengkuni saha budaya politik Jawa cara Semar. (2) nilai profetik ingkang kapanggihaken awujud nilai (a) *transendensi*, ingkang awujud pepeling pejah, tansah dedonga, tansah dzikir, kapitadosan tumrap kuwasaning Gusti, saha tansah tumindak sabar; (b) nilai *humanisasi*, ingkang awujud njagi pasedherekan, perduli tumrap rakyat, saha perduli tumrap kulawarga; (c) nilai *liberasi* awujud perjuangan ngajeni pagesanganing bangsa, tumindak degsiya tumrap kabebasan seni, saha kabebasan pagesangan. Panaliten menika saged mupangat tumrap pagesangan masarakat.

Pamijining tembung: *geguritan, sosiopolitik kultural, nilai profetik*

ABSTRAK

DAHLIA NURUL AMALAH: *Realitas Sosiopolitik saha Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan Republik Tegalana (Kajian Sosioantropologi Religi Sastra).* Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Tujuan dari penelitian ini adalah untuk menjelaskan aspek sosiopolitik kultural dan nilai profetik dalam antologi *geguritan Republik Tegalana* dengan perspektif kajian sosioantropologi religi sastra. Penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif untuk memaparkan fakta-fakta yang ditemukan secara sistematis, faktual, dan teliti. Teknik membaca dan mencatat digunakan untuk mengumpulkan data dalam bentuk aspek sosiopolitik kultural dan nilai profetik dalam antologi *geguritan Republik Tegalana*. Teknik analisis data menggunakan analisis isi, yaitu reduksi data, klasifikasi data, penyajian data, dan interpretasi. Data divalidasi menggunakan validitas semantik dan validitas referensial, reliabilitas intrarater dan interrater. Hasil penelitian ini menunjukkan dua hal, yaitu: (1) wujud realitas sosiopolitik kultural ditemukan dalam bentuk (a) kekuasaan politik, (b) konflik politik, (c) demokrasi politik, dan (d) korupsi; Dalam temuan tersebut memuat budaya politik Jawa gaya Sengkuni dan budaya politik Jawa gaya Semar. (2) wujud nilai profetik ditemukan dalam bentuk (a) nilai transendensi, yaitu mengingat kematian, selalu berdoa, selalu berdzikir, percaya terhadap wujud kekuasaan Tuhan, dan senantiasa sabar, (b) aspek humanisasi, yaitu menjaga persaudaraan, peduli terhadap rakyat, dan peduli terhadap keluarga, (c) aspek liberasi, yaitu perjuangan menghargai kehidupan bangsa, perilaku kejahatan terhadap kebebasan seni dan kebebasan hidup. Penelitian ini bermanfaat bagi kehidupan masyarakat.

Kata Kunci: *puisi, sosiopolitik kultural, nilai profetik.*

ABSTRACT

DAHLIA NURUL AMALAH: *Sociopolitical Reality and Prophetic Values in the Anthology of Republik Tegalana (Socioanthropology Religious Literary Study)*. Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.

This study aims to examine the cultural sociopolitical reality and prophetic values in the anthology of *Republik Tegalana* with the perspective of socioanthropology religious literary study. This study used descriptive qualitative method to describe the data systematically, factually, and thoroughly. Reading and note taking techniques were used to collect data in the forms of cultural sociopolitical reality and prophetic values. Data analysis techniques used content analysis, namely data reduction, data classification, data display, and interpretation. The data were validated by using semantic and referential validity, intra-rater and interrater reliability. The result of the study showed two things, i.e.: (1) the manifestations of cultural sociopolitical of the anthology of *Republik Tegalana* are found in the forms of (a) political power, (b) political conflict, (c) political democratisation, and (d) corruption, The findings included Javanese political culture Sengkuni's style and Javanese political culture Semar's style; (2) the manifestations of prophetic values are found in the forms of (a) transcendence values, namely the reminder of death, always praying, always *dhikr*, belief in the manifestation of God's power, and always patient, (b) humanization values, namely maintaining brotherhood, caring for the people, and caring for the family, and (c) liberation values, namely the struggle to respect the life of the nation, crime against freedom of art and freedom of life. This research can be used in the human of life.

Key Words: *poetry, cultural sociopolitical, prophetic values.*

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan ing ngandhap menika inggih menika, kula:

Nama : Dahlia Nurul Amalah
NIM : 17714251005
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Ngandharaken bilih tesis menika, ingkang damel kula piyambak. Ingkang kula mangertos, tesis menika boten dipunuji kangge pikantuk *gelar* magister pendidikan wonten ing Perguruan Tinggi sanesipun, saha ingkang kula mangertos ugi, wosipun tesis menika boten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi adhedhasar tata cara saha etika nyerat tesis ingkang umum saha dipunserat wonten ing kapustakan.

Wedharan menika dipunserat kanthi saestu. Menawi samangke wonten kasunyatanipun wedharan menika boten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 2 Januari 2020

Panyerat,

Dahlia Nurul Amalah, S.Pd.

LEMBAR PASARUJUKAN
REALITAS SOSIOPOLITIK SAHA NILAI PROFETIK SALEBETING
ANTOLOGI GEGURITAN *REPUBLIK TEGALAN*
(KAJIAN SOSIOANTROPOLOGI RELIGI SASTRA)

Dahlia Nurul Amalah

NIM: 17714251005

Tesis menika dipunserat minangka jejangkeping sarat
anggayuh gelar Magister Pendidikan

Ingkang nyarujuki,
Pembimbing



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP.19640403 199001 1 004


Kapriksan,
Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta

Yogyakarta,

Direktur,

24/2020

Ketua Program Studi,



Prof. Dr. Marsigit, M.A.
NIP. 19570719 198303 1 004



Dr. Mulyana, M.Hum.
NIP. 19661003 199203 1 002

LEMBAR PANGESAHAN
REALITAS SOSIOPOLITIK SAHA NILAI PROFETIK SALEBETING
ANTOLOGI GEGURITAN *REPUBLIK TEGALAN*
(KAJIAN SOSIOANTROPOLOGI RELIGI SASTRA)

Dahlia Nurul Amalah
NIM. 17714251005

Dipunajengaken wonten sangajengipun Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal: 6 Februari 2020

Dr. Mulyana, M.Hum.

(Ketua/Penguji)

21/02/2020

Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.

(Sekretaris/Penguji)

24/02/2020

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.

(Pembimbing/Penguji)

21/02/2020

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.

(Penguji Utama)

21/02/2020

Yogyakarta, ... 26-2-2020

Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta

Direktur,



Prof. Dr. Marsigit, M.A

NIP. 19570719 198303 1 004

PRAWACANA

Puji syukur, *alhamdulillahirobbil'alamin* panyerat ngaturaken raos syukur dhumateng Allah Swt. ingkang tansah paring kasarasan, rahmat, saha hidayahipun, satemah panyerat sampun ngrampungaken tesis kanthi irah-irahan “*Realitas Sosiopolitik saha Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan Republik Tegalana (Kajian Sosioantropologi Religi Sastra)*”. Tesis menika dipundamel kangge njangkepi sarat nggayuh gelar Magister Pendidikan.

Panyerat ngaturaken gunging panuwun dhateng sedaya pihak mliginipun kaaturaken dhateng Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyung awit saking purwaka dumugi purnaning tesis menika. Kanthi raos tulusing panyerat ngaturaken gunging panuwun dhumateng:

1. Rektor Universitas Negeri Yogyakarta, Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. Direktur Pascasarjana, Prof. Dr. Marsigit, M.A. saha staf ingkang sampun paring pambiyantu dumugi tesis menika dados.
2. Dr. Mulyana, M.Hum. minangka pembimbing akademik saha kaprodi S2 Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring sedaya wewarah.
3. Bapak saha Ibu Dosen Prodi Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring maneka warni kawruh, piwulang, saha panjurung prayogi dhateng panyerat.
4. Tiyang sepuh kula kekalih, Bapak Subijakta saha Ibu Nur Khikmah ingkang sampun paring suka panjurung, pandonga, saha beya dhateng panyerat, satemah reriptan menika saged maujud.
5. Tim Balai Bahasa Jawa Tengah awit saking pambiyantunipun kanthi lumahing asta ngintunaken buku antologi geguritan *Republik Tegalana*.

6. Musyrifah, guru, karyawan, saha para siswa SMPIT Salman Al Farisi *Boarding School* ingkang tansah asung panjurung saha pandonga tumrap panyerat.
7. Kanca-kanca Mahasiswa S2 Pendidikan Bahasa Jawa 2017 ingkang tansah paring panjurung dumugi purnaning tesis menika.
8. Kanca-kanca Pengurus Himpunan Mahasiswa Muslim Pascasarjana (HIMMPAS) UNY 2018 ingkang tansah paring pambiyantu saha panjurung.
9. Sedaya tiyang ingkang boten dipunsebataken setunggal mbaka setunggal ingkang sampun paring pambiyantu anggenipun ngrampungaken tesis menika.

Anggenipun damel tesis menika tamtu dereng jangkep, kawastanan sae, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sedaya pamrayogi saha panyaruwe saking pamaos tansah katampi kanthi lumuber sukaning manah. Mugi-mugi tesis menika saged murakabi tumrap kita sedaya.

Yogyakarta, 2 Januari 2020

Panyerat,

Dahlia Nurul Amalah, S.Pd.

PRATELAN ISI

KACA IRAH-IRAHAN.....	i
SARINING PANALITEN	ii
ABSTRAK	iii
ABSTRACT.....	iv
WEDHARAN	v
LEMBAR PASARUJUKAN	vi
LEMBAR PANGESAHAN.....	vii
PRAWACANA.....	viii
PRATELAN ISI.....	x
PRATELAN TABEL SAHA PRATELAN GAMBAR.....	xii
PRATELAN LAMPIRAN	xiii
PRATELAN CEKAKAN	xiv
BAB I	1
PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	7
C. Watesaning Perkawis	8
D. Wosing Perkawis.....	8
E. Ancasing Panaliten.....	8
F. Paedah Panaliten	9
G. Pangertosan	9
BAB II.....	11
GEGARAN TEORI	11
A. Andharan Teori	11
1. Reriptan Sastra Jawi.....	11
2. <i>Realitas</i> Sosiopolitik salebeting Reriptan Sastra	13
3. Budaya Politik Masarakat Jawa	20
4. Nilai Profetik.....	23
5. Sosioantropologi Religi Sastra.....	28
B. Panaliten ingkang Jumbuh	35

C. Nalaring Pikir	38
BAB III	11
CARA PANALITEN	40
A. Jinising Panaliten	40
B. Data saha Sumber Data Panaliten	40
C. Cara Ngempalaken Data	42
D. Pirantosing Panaliten.....	43
E. Cara Nganalisis Data.....	43
F. Cara Ngesahakn Data (<i>Validitas saha Reliabilitas</i>)	45
BAB IV	46
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN.....	46
A. Asiling Panaliten	46
B. Pirembagan.....	49
1. Wujud Perkawis <i>Realitas</i> Sosiopolitik Kultural salebeting Antologi Geguritan <i>Republik Tegal</i> an	49
a. Kuwasa.....	49
b. Konflik Politik	54
c. Demokrasi Politik	56
d. Korupsi.....	64
2. Wujud Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan <i>Republik Tegal</i> an ..	67
a. Transendesi	68
b. Humanisasi.....	76
c. Liberasi	80
C. Temuan Panaliten.....	84
D. Winatesing Panaliten.....	85
BAB V.....	87s
PANUTUP	87
A. Dudutan	87
B. Pamrayogi	88
C. Implikasi.....	88
KAPUSTAKAN.....	89
LAMPIRAN.....	94

PRATELAN TABEL SAHA PRATELAN GAMBAR

Tabel 1. Data Geguritan	40
Tabel 1. Data Geguritan	40
Tabel 2. Kertu <i>analisis</i> data <i>realitas</i> sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan <i>Republik Tegal</i>	42
Tabel 3. Kertu <i>analisis</i> data wujud nilai profetik salebeting antologi geguritan <i>Republik Tegal</i>	42
Tabel 4. Asil panaliten wujud perkawis <i>realitas</i> sosiopolitik kultural	47
Tabel 5. Asil panaliten wujud perkawis nilai profetik	48
Gambar 1. Nalaring Pikir	39

PRATELAN LAMPIRAN

Lampiran 1. Kertu data wujud <i>realitas</i> sosiopolitik kultural salebeting geguritan <i>Republik Tegal</i>	93
Lampiran 2. Kertu data wujud nilai profetik salebeting geguritan <i>Republik Tegal</i>	108

PRATELAN CEKAKAN

Kl	= Kalingan
PDA	= Pan Dadi Apa
Lg	= Lenggaong
Pp	= Pimpinan
KML	= Kowen Milih Lagune Apa?
USM	= Udan Salah Mangsa
INP	= Istighosah Nggo Pejabat Sing Mateni Hapene
KKK	= Kipit Kipit Kepot
Kk	= Kumyah-kumyah
AI	= Apa Iya
Ww	= Wolak walik
ISD	= Iwak Sontong Diwadhahi Ketel
STEP	= Sing Tak Enteni Pemimpin Anyar
Ng	= Nging
Tm	= Tuma
JP	= J Vs P
SKN	= Sajak Karijan Nyalon Dewan
Kj	= Kajogan
APS	= Aja Pilih Sing Gedhubragan
INR	= Itung-itung Ngrungokna Radio

TP	= Taun Politik
Pc	= Paceklik
WWK	= Wal wal Keduwal
Go	= Goroh
OB	= Oprasi= (Basa-Basi)

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Kasunyatan pagesangan kalebet satunggaling kedadosan masarakat ingkang dados gegambaraning reriptan sastra. Gambaran menika tamtu pikantuk saking panganggit minangka tiyang ingkang ngripta reriptan sastra. Salebeting kasunyatan boten wonten masarakat saha tatanan sosial. Wontenipun namung priyantun saha maneka *objek* ingkang sami sesambetan. Saking pangertosan menika, kasunyatan sosial panci langkung caket kaliyan jagad kasusastran. Kadosta geguritan, prastawa-prastawa dipungambaraken dening panganggit kanthi kaendahaning basa ingkang kawrat salebeting tetembunganipun. Geguritan kalebet reriptan ingkang jangkep mbabaraken pagesangan manungsa (Endraswara, 2013: 211).

Andharan ing nginggil jumbuh kaliyan pamanggih saking Semi (2012: 92) bilih sastra inggih menika gegambaraning pagesangan bebrayan. Reriptan sastra nampi pangaribawa saking masarakat saha paring pangaribawa tumrap masarakat. Sastrawan boten uwal saking wontenipun pangaribawa ingkang dipuntampi saking sakupenganipun. Sastra saha pagesangan sesambetan anggenipun mujudaken satunggaling reriptan sastra ingkang saged mupangat tumrap pagesanganing masarakat.

Salah satunggaling reriptan sastra ingkang nggambaraken kasunyatan pagesanganing bebrayan inggih menika antologi geguritan *Republik Tegal*. Buku antologi geguritan menika kalebet wujud reriptan sastra anggitanipun para

pangripta ingkang nyawiji wonten ing Komunitas Sastrawan Tegal kadosta Lanang Setiawan, Atmo Tan Sidik, Maufur, Yono Daryono, saha sanesipun. Buku menika kacithak dening Balai Bahasa Jawa Tengah kanthi ngewat 82 irah-irahan geguritan minangka seratanipun 33 panganggit ingkang dipunsahaken nalika surya kaping 3 Desember 2018.

Antologi geguritan *Republik Tegal* kapilih dados *objek* panaliten amargi panaliten gegayutan kaliyan rriptan sastra mawi basa Jawi dialek Tegal taksih arang. Kanthi makaten, panaliti gadhah pamawas bilih panaliten babagan geguritan basa Jawi dialek Tegal perlu dipunrembakakaken kangge nguri-uri kabudayan ingkang kawrat salebeting geguritan. Sanesipun, antologi geguritan menika ngewrat perkawis sosiopolitik jumbuh kahanan masarakat ing jamanipun. Pramila, perkawis sosiopolitik dados tema wedharanipun panganggit minangka gambaraning pagesangan masarakat ingkang dipuncakaken lumantar kendahaning basa.

Satoto dan Fananie (2000: 252) ngandharaken bilih minangka salah satunggaling kedadosan ingkang wonten saha gesang ing madyaning bebrayan inggih menika kedadosan politik. Perkawis kuwasa boten uwal saking kawigatosan, kekajengan, saha kapitadosan sastrawan wiwit jaman rumiyin. Manungsa anggenipun nglenggahi kuwasa panci ndamel kapilut. Tiyang-tiyang ingkang nindakaken jabatan politik mesthi ngincer kuwasa. Kahanan masarakat menika narik kawigatosaning panaliti anggenipun mangertos kedadosan sosiopolitik kultural salebeting geguritan.

Ranciere (2010: 160) gadhah pamawas bilih “*Politics as a definitive way of doing and literature as a definitive practice of writing*”. Tegesipun inggih menika politik minangka satunggaling pakaryan, dene sastra inggih menika salah satunggaling jagad ngengingi praktek nyerat. Gegayutan kaliyan pamanggih menika, gumregut perkawis pemilu ingkang kalampahan nalika warsa 2019, nuwuhaken raos prihatosipun panganggit tumrap kahanan sosiopolitik kultural negara Indonesia. Kasunyatan babagan kuwasa, konflik politik, demokrasi, saha korupsi dados kedadosan politik ingkang ngrembaka salebeting masarakat. Pramila, menawi politik langkung kawentar amargi awon ing patrap anggenipun nggayuh kamenangan, geguritan gadhah kuwajiban kangge paring pepeling utawi pasemon tumrap politikus supados tansah nindakaken kesaenan. Kuwasa boten kangge kuwasaning dhiri pribadi, nanging kuwasa namung kangge rakyat. Kanthi andharan menika, pirembagan sosiopolitik salebeting reriptan sastra panci wigatos kangge mangertos kahanan politik masarakat ing jamanipun.

Anggenipun ngrembag perkawis sosiopolitik, panganggit ugi boten nglirowakaken reriptan sastra saking kabudayan sakupenganipun. Budaya dados panyengkuyung wujud geguritan ingkang medharaken kahanan sosiopolitik masarakat. Magepokan kaliyan andharan menika, Taum (2015: 3) ngandharaken bilih sesambetan antawisipun sastra kaliyan unsur kabudayan kalebet satunggaling ancas. Menawi dipunrencana, perkawis kasebat kedah dipunlajengaken sacara bebas. Sanesipun, wontenipun raos jirih salebeting masarakat bilih pangangge *estetika* kangge kaperluan politik bakal dipunkuwasa dening kawigatosan politik, satemah kabudayan dados jangkeping reriptan sastra ingkang nggambaraken tema

politik. Menapa malih antologi geguritan *Republik Tegal* kalebet geguritan ingkang ngewrat kearifan lokal Jawa. Wosing kabudayan Jawa salebeting geguritan kanthi tema sosiopolitik ndadosaken geguritan langkung mardika anggenipun ngecakaken budaya lokal.

Budaya utawi kultural ingkang kawrat salebeting pirembagan sosiopolitik jumbuh kaliyan kawontenan budaya masarakat Jawi. Pamawas pagesangan priyantun Jawa saha konsep kepemimpinan Jawa mangaribawa tumrap kawontenan sosiopolitik. Andharan menika mawi dhasar pamawasipun Endraswara (2014: 195) bilih politik boten resik saking maneka pangaribawa kadosta gegayutan kaliyan kaendahan, patrap, saha *kapitalistik*. Pangaribawa-pangaribawa menika minangka pratandha bilih budaya politik kanthi pamawas budaya salebeting riptan sastra ngginakaken cara-cara tradhisi saha sastra kangge nggayuh kamenangan. Pramila, perkawis sosiopolitik kultural ingkang karembag boten tebih saking wosing kabudayan Jawa.

Pamawas budaya politik masarakat Jawa boten tebih saking jagad pewayangan, amargi paraga salebeting pagelaran wayang ngewrat kahanan masarakat ugi. Masarakat ingkang dados paraga politik, tamtu majengaken maneka patrap politik anggenipun nggayuh kuwasa saha nglenggahi kuwasa. Kangge mangertos kabudayan ingkang kawrat salebeting pirembagan sosiopolitik, panaliti ngginakaken budaya politik cara Sengkuni saha budaya politik cara Semar. Budaya politik Sengkuni langkung majengaken patrap licik, drengki, srei, ngumbar janji, apus-apus, saha edan kuwasa. Wondene budaya politik Semar

langkung ngajengaken patrap ngatos-atos, tegas, andhap asor, anoraga, saha ikhlas.

Sanesipun, pamawas masarakat ngengingi perkawis politik menika “reged”, nuwuhaken kawigatosaning panganggit bilih kasalehan sosial salebeting geguritan ugi perlu dipunrembag. Antologi geguritan *Republik Tegal* ingkang nyariosaken kahanan sosiopolitik kultural masarakat langkung selaras menawi piwulang agami dipuncakaken kangge mujudaken kasadharan masarakat. Menapa malih menawi dipunjumbuhaken kaliyan mupangatipun geguritan saking *konsep*-ipun Horace “*dulce et utile*” (Wellek dan Warren, 2016: 23). Tegesipun inggih menika geguritan prayoginipun boten namung dados panglipur tumrap pamaos, ananging ugi saged mupangat tumrap pagesangan.

Agami selebating pirembagan sosiopolitik kultural perlu dipunrembag kangge mujudaken rriptan sastra ingkang imbang gegayutan kaliyan manungsa anggenipun nglampahi jejibahan ing alam donya saha kadospundi manungsa pados sangu kangge pagesangan ing akherat. Manungsa boten namung ngibadah dhateng Gusti Allah, nanging ugi kedah ngupaya kesaenan salebeting sesambetan antawisipun manungsa. Kanthi andharan menika, panaliti gadhah penggalih bilih piwulang ingkang jumbuh kaliyan kahanan sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* inggih menika nilai profetik. Andharan menika mawi lelandhesan pamanggih saking Kuntowijoyo (2006: 10-14) bilih sastra profetik ngewrat prinsip *hablun min Allah* (sesambetan kaliyan Gusti Allah) saha *hablun minannas* (sesambetan antawisipun manungsa). Sastra profetik ngewrat nilai ingkang jumbuh kaliyan lampahaning manungsa kanthi sesambetan

sacara *transenden* saha sesambetan sosial. Kanthi lelandhesan menika, nilai profetik ingkang dipunpadosi salebeting panaliten menika jumbuh kaliyan piwulang kenabian salebeting agami Islam.

Salajengipun, nyebataken istilah profetik salebeting reriptan sastra, panaliti mendhet pamanggih saking Kuntowijoyo (2006: 20) ingkang nandhesaken bilih profetik dipunpendhet saking lelandhesan ayat Al Quran (3: 110) “*sira iku umat kang paling becik kang diciptakake kanggo manungsa, mrentah tumrap kabecikan lan nyegah angkara murka, lan percaya tumrap Gusti Allah*”. Ayat kasebat ngewrat dudutan tigang perkawis inggih menika *amar ma'ruf* (prentah kesaenan, *humanisasi*), *nahi munkar* (nyegah angkara murka, *liberasi*) saha *tu'minuna billah* (Iman dhateng Pangeran, *transendensi*). Kanthi titikan menika, nedahaken pepanggihan antawisipun sastra kanthi cara Islam kaliyan misi dakwah saking Kanjeng Nabi, satemah saged medalaken satunggaling rumusan nilai profetik.

Adhedhasar pirembagan ing nginggil, perkawis *realitas* salebeting reriptan sastra nedahaken bilih reriptan sastra ngewrat pagesangan masarakat. Perkawis sosiopolitik kultural ingkang kawrat antologi salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* dipunpadosi amargi kalebet perangan gesangipun masarakat. Sanesipun, nilai profetik dipunpadosi kaangkah supados saged mujudaken kasadharan pamaos tumrap kahanan sosiopolitik kultural ingkang kedadosan. Kanthi andharan menika, panaliti nglampahi panalitin kanthi irah-irahan *Realitas* Sosipolitik saha Nilai Profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*.

B. Underaning Perkawis

Kangge nggayuh asiling panaliten ingkang tumata, pramila dipunbetahaken satunggaling perkawis ingkang saged dipunrembag. Miturut dhasaring panaliten ingkang sampun dipunandharaken wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet underaning perkawis wonten ing panaliten menika. Perkawis ingkang dipunrembag wonten ing panaliten menika inggih menika:

1. Reriptan sastra ngewrat kasunyatan pagesangan masarakat.
2. Antologi geguritan *Republik Tegal* salah satunggaling reriptan sastra ingkang ngewrat kasunyatan pagesangan masarakat.
3. Perlunipun ngrembakakaken analisis geguritan ingkang ngginakaken basa Jawi dialek Tegal kangge nguri-uri kabudayan ingkang kawrat ing salebeting geguritan.
4. Perkawis sosiopolitik dados wosing antologi geguritan *Republik Tegal* jumbuh kaliyan kahanan masarakat ing jamanipun.
5. Antologi geguritan *Republik Tegal* ingkang ngewrat perkawis kasunyatan sosiopolitik boten uwal saking kahanan budaya poltik masarakat Jawa.
6. Perlunipun kesalehan sosial salebeting reriptan sastra kanthi pados nilai profetik utawi nilai kenabian salebeting geguritan, jumbuh kaliyan perkawis kahanan sosiopolitik kultural ingkang dipunpadosi dening panaliti.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis ing nginggil, saged dipunpendhet watesaning perkawis inggih menika:

1. wujud perkawis *realitas* sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegalana*.
2. wujud nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegalana*.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis ing nginggil, saged dipunpendhet watesaning perkawis inggih menika:

1. kadospundi wujud perkawis *realitas* sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegalana*?
2. kadospundi wujud nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegalana*?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar saking wosing perkawis ing nginggil, saged dipunpendhet ancasing panaliten inggih menika:

1. ngandharaken wujud perkawis sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegalana*.
2. ngandharaken wujud nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegalana*.

F. Paedah Panaliten

Adhedhasar saking ancasing perkawis ing nginggil, saged dipunpendhet paedah panaliten inggih menika:

1. Paedah *Teoretis*

Paedah *teoretis* saking panaliten menika saged paring sumbangsih ngilmu perkawis *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting reriptan sastra Jawa modern.

2. Paedah *Praktis*

- a. Data-data asiling panaliten kaangkah migunani kangge pamaos ingkang badhe naliti perkawis wujud aspek sosiopolitik kultural saha nilai *profetik* panyerat sanesipun.
- b. Asiling panaliten menika saged dados bahan pasinaon wonten ing pakuliahan mliginipun ngengingi babagan sosiologi sastra, antropologi sastra, saha religius sastra.
- c. Nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* saged dipuncakaken wonten ing pamulangan saha saged mupangat tumrap masarakat Islam sejatosipun.

G. Pangertosan

1. Sosiopolitik Kultural

Sosiopolitik kultural inggih menika ngrembag perkawis politik masarakat saha kabudayanipun ingkang kawrat salebeting geguritan.

2. Nilai Profetik

Nilai profetik inggih menika nilai kenabian salebeting reriptan sastra Islam ingkang ngewrat tigang perkawis, inggih menika pilar *transesndensi* (Iman dhateng Gusti Allah), *humanisasi* (manungsakaken manungsa), saha *liberasi* (kabebasan pagesangan).

3. Antologi Geguritan *Republik Tegal*

Antologi geguritan *Republik Tegal* inggih menika kempalan geguritan ingkang kalebet reriptan sastra Jawa modhern mawi basa Jawi dialek Tegal.

4. Sosioantropologi Religi Sastra

Sosioantropologi religi sastra kadhapuk saking sosiologi sastra, antropologi sastra, saha religi sastra minangka dados tintingan anggenipun nganalisis reriptan sastra mawi pamawas sosiobudaya saha agami ingkang kawrat salebeting reriptan sastra.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Andharan Teori

1. Reriptan Sastra Jawi

Reriptan sastra inggih menika salah satunggaling wujud asiling kabudayan masarakat. Minangka asiling kabudayan, satunggaling reriptan sastra boten uwal saking pagesanganing bebrayan. Reriptan sastra dados wedharaning dhiri pribadi manungsa ingkang awujud pangalaman, wosing penggalih, pangangen-angen, kapitadosan gegambaraning pagesangan ingkang saged nuwuhaken kasulistyaning basa lumantar seratan. Menika gegayutan kaliyan andharan saking Sugihastuti (2009: 81) bilih reriptan sastra minangka media ingkang dipunginakaken panganggit kangge medharaken pamanggih saha pangalamanipun. Minangka medhia, reriptan sastra dipunripta kangge nggayutaken gambaran penggalhipun panganggit tumrap pamaos. Semanten ugi reriptan sastra Jawi modern ingkang dados sarananipun masarakat Jawi kangge medharaken suraosipun.

Jinising reriptan sastra Jawi modern kaperang dados kalih, inggih menika ingkang awujud geguritan saha gancaran (novel, cerkak, cerbung, sandiwara, roman panglipur, crita bocah, sastra *religi*, lan sanesipun). Salah satunggaling jinis sastra Jawi modern ingkang badhe dipunrembag wonten panaliten menika inggih menika geguritan. Pangertosan geguritan dipunandharaken dening Prabowo, dkk (2002: 7) bilih geguritan inggih menika reriptan sastra Jawi ingkang jinispun *puisi*. Salajengipun *puisi* Jawa dipunpantha dados kalih, inggih menika *puisi* Jawa

tradhisional saha *puisi* Jawa modhern. *Puisi* Jawa modhern awujud *puisi* bebas, inggih menika *puisi* ingkang boten kaiket dening paugeran kadosta ingkang kapanggihaken salebeting *puisi* Jawa tradhisional (tembang).

Wondene Emzir dan Rohman (2015: 241) medharaken bilih minangka reriptan sastra, geguritan ngandhut penggalih utawi pokok perkawis tartamtu ingkang dipunwedharaken dening pangripta. Penggalihipun panganggit kawrat wonten ing sedaya tetembungan salebeting geguritan. Andharan menika dipunkiyataken dening Pradopo (2014: 61) bilih geguritan medharaken suraosipun penggalih ingkang mbangkitaken suraos, ingkang mbangkitaken pamawas, kanthi sinusun irama ingkang tumata. Pramila, saking pamanggih menika nggambaraken bilih geguritan minangka rekaman saha *interpretasi* pagesanganing bebrayan ingkang wigatos.

Salajengipun, Endraswara (2011: 39) ngandharaken bilih geguritan saged dipunpadosaken dados *simulakrum* prastawa sosial. *Simulakrum* dipuntegesi minangka satunggaling *potret mini* saking *rekayasa sosial* ingkang ageng. Andharan menika jumbuh sanget kaliyan geguritan ingkang dipunandharaken Perry wonten ing seratanipun Guzman (2016: 2):

“poetry is developed by individuals immersed in social groups, poetic content is inevitably influenced by all kinds of social dynamics that affect and regulate social structures in particular contexts.”

‘geguritan dipunrembakakaken dening priyantun ingkang kagabung wonten ing kelompok-kelompok sosial, wosing geguritan dipunaribawani dening sedaya jinis ewah-ewahan sosial ingkang mangaribawa saha mranata tatanan sosial wonten ing konteks tartamtu.’

Adhedhasar andharan wau, geguritan minangka asiling budaya dados sarananipun panganggit ingkang ngewrat sedaya prastawa saha perkawisipun

masarakat. Pagesanganing bebrayan dipungambaraken lumantar geguritan kanthi basa ingkang endah. Basa ingkang dipunginakaken wonten ing geguritan sanes basa padinan. Geguritan ngginakaken basa ingkang prasaja nampilaken kahanan masarakat supados saged dipunmangertos saking maneka pamawas kailmuan. Kanthi landhesan andharan para ahli, saged dipundamel dudutanipun bilih geguritan inggih menika jinising reriptan sastra minangka asiling kabudayan masarakat awujud pangalaman, pangangen-angen, penggalih, utawi gambaran pagesangan bebrayan ingkang dipunbabaraken lumantar seratan. Wondene geguritan ingkang badhe dipuntintingi wonten panaliten menika inggih menika geguritan ingkang kawrat salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* anggitanipun Lanang Setiawan, dkk (2018) ingkang kacithak dening Balai Pustaka Jawa Tengah. Antologi geguritan menika dados *objek* panaliten perkawis sosiopolitik kultural saha nilai profetik.

2. *Realitas* Sosiopolitik salebeting Reriptan Sastra

Realitas salebeting kasusastran dipunmangertos minangka gambaran kasunyatan pagesangan manungsa ingkang dipunwedharaken lumantar reriptan sastra. Wondene tembung sosiopolitik kadhapuk saking tembung *sosio* saha *politik*. *Sosio* tegesipun ‘masarakat’. Ngrembag *realitas* sosial salebeting reriptan sastra, Faruk (2016: 50) gadhah pamanggih bilih jagad sosial sejatosipun inggih menika jagad ingkang wonten ing jawi saha ngagungkaken jagad pangalaman langsung. Salebeting pangertosan menika, jagad sosial dados langkung caket

kaliyan reriptan sastra. Kangge nyengkuyung andharan menika, Shi dan Zhu (2018: 227) ugi ngandharaken bilih:

“Literature is not the mirror to reflect the world any more, literary space is not the imitation or representation of time in certain space any more. The literary space comes from reality space, what’s more, literature itself becomes the important part of construction of social reality space.”

‘sastra boten namung gambaraning donya, ruang sastra sanes tiruan utawi *representasi* wekdal ing ruang tartamtu. Ruang sastra asalipun saking kasunyatan, makaten ugi, sastra piyambak dados perangan ingkang wigatos saking tumataning kasunyatan sosial.’

Saking andharan ing nginggil, sastra boten namung winates kaliyan wekdal tartamtu. Ananging sastra dados perangan saking kasunyatan sosial masarakat. Amargi sejatosipun, sastra asalipun saking *realitas* masarakat. Sesambetan ingkang kiyat awujud kasunyatan sosial menika mujudaken reriptan sastra gesang ing madyaning bebrayan dados satunggaling *ekspresi subjektif individu*. Kadosta Swingwood ingkang ngandharaken teori mimesis saking Plato. Bilih miturut Plato jagad salebeting reriptan sastra inggih menika tiruan tumrap kasunyatan ingkang sejatosipun kalebet tiruan tumrap penggalih.

Kartikasari, Anoegrajekti, dan Maslikatun (2014: 53) ngandharaken bilih *realitas* sosial inggih menika kasunyatan sosial utawi prastawa sosial ingkang kadadosan sacara nyata salebeting reriptan sastra. *Realitas* sosial salebeting reriptan sastra nedahaken satunggaling prastawa ingkang kadadosan ing kasunyatan ingkang dipungambaraken malih dening panganggit salebeting reriptanipun. Salebeting reriptan sastra kathah kadadosan awujud pasrawungan antawisipun dhiri pribadinipun manungsa ingkang mujudaken satunggaling prastawa. Prastawa antawisipun priyantun kasebat nyebabaken *gejala* sosial

salebeting reriptan sastra. Gejala kasebat minangka asil rekaan panganggit kanthi kasunyatan kasebat ingkang ngecakaken *realitas* salebeting reriptan sastra.

Wondene politik dipunandharaken dening Setiadi dan Kolip (2013: 4) politik minangka trap-trapaning wujud saha perangan kuwasa salebeting masarakat antawisipun awujud trap-trapaning damel pasarujukan, mliginipun slebeting negara. Anggenipun mangertos politik perlu dipunmangertos maneka pamiji antawisipun inggih menika kuwasa politik, *legitimasi*, sistem politik, patrap politik, panjurung politik, trap-trapaning politik saha boten kalah wigatos ugi kangge mangertos pirembagan perkawis partai politik.

Wachid B.S. (2000: 61) gadhah pamawas bilih politik inggih menika pranatan kuwasa kanthi nggayuh kekajengan sesarengan. Sastra menika samubarang ingkang gegayutan kaliyan basa. Nalika dipunpraktekaken gegayutanipun kaliyan politik, piyambakipun gadhah makna tafsiran tumrap ewah gingsir pagesangan masarakat salebeting jagad politik. Nyengkuyung pamanggih kasebat, Wibowo (2013: 81) nyariosaken bilih menawi kita ngrunut sejarah kasusastran, jagad kasusastran tuwuh saha *dinamis* nalika kekiyatan (politik) ugi paring panyengkuyung. Sastra panci boten uwal saking pangiket politik ingkang dados pirantos *sosialisasi* saha *propaganda*. Pamanggih menika jumbuh sanget kaliyan Endraswara (2014: 195) salebeting artikelipun ingkang ngrembag politik gaya Sengkuni saha estetika Semar kanthi andharan bilih politik menika boten uwal saking maneka daya pangaribawa kadosta perkawis kaendahan, moral, saha *kapitalistik*. Politik saha sastra minangka perangan saking kabudayan ingkang

wonten sesambetanipun. Sastra ngandhut unsur kaendahan saged dados sarana *representasi* kahanan politik masarakat wonten ing jamanipun.

Saking andharan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih *realitas* sosiopolitik salebeting reriptan sastra inggih menika pirembagan wosing reriptan sastra kanthi nggatosaken kadospundi kuwasa kalampahan salebeting masarakat, pamrentah satunggaling negara, pasulayan politik, praktek kuwasa ingkang katindakaken, saha cara mranata nggayuh kuwasa salebeting masarakat. Kanthi makaten perkawis politik katingal kanthi kalih rumusan, inggih menika (1) pamawas politik sacara hakiki minangka pasulayan utawi padudon politik saha (2) pamawas politik minangka satunggaling upaya kangge madegaken negara kanthi tertib saha adil.

Wonten panaliten menika, panaliti badhe ngrembag perkawis sosiopolitik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* kanthi gegayutan kaliyan perkawis kuwasa, konflik politik, demokrasi, saha korupsi kanthi andharan ing ngandhap menika:

a. Kuwasa

Pandiangan (2017: 72) ngandharaken bilih ngrembag politik boten uwal saking kuwasa. Kuwasa inggih menika kahanan satunggaling pihak ingkang ngupaya saha kanthi kasil saged mangaribawa pihak sanesipun supados nindakaken gegayuhan kanthi gegayuhan pihak ingkang kawiwitan. Salebeting pirembagan politik reriptan sastra, Sugihastuti (Satoto dan Fananie, 2000: 87) mbabaraken kuwasa gadhah teges (1) kaprigelan utawi kasanggupan kangge nindakaken satunggaling perkawis; (2) wewenang adhedhasar perkawis kangge

nemtokaken (mrentah, makili, ngurus, saha sanesipun) perkawis; (3) pangaribawa (drajat, kelaran, saha sanesipun; (4) sanggup; (5) priyantun ingkang dipunpasrahi kuwasa.

Titikanipun kuwasa miturut Setiadi dan Kolip (2015: 19) inggih menika (1) kuwasa inggih menika sesambetan antawisipun manungsa (pasrawungan sosial); (2) pamangku kuwasa mangaribawa tumrap priyantun sanesipun; (3) pamangku kuwasa saged satunggaling priyantun, sekelompok tiyang, kelompok sosial, kelompok budaya, utawi saged ugi pamrentah; (4) pandom kuwasa (ingkang dipunaribawani) saged awujud priyantun, kelompok, saha pamrentah; (5) priyantun ingkang gadhah sumber-sumber kuwasa boten tamtu gadhah kuwasa. Perkawis menika gumantung tumrap pangangge sumber-sumber kasebat; (6) pangangge sumber-sumber ngetrapaken patrap meksa, *konsensus*, saha nyawiji; (7) satunggaling moral, menapa ancas ingkang badhe dipungayuh; (8) asil pangangge sumber-sumber gumantung masarakat; (9) umumipun kuwasa asipat politis.

Pirembagan kuwasa ingkang kalebet perangan perkawis sosiopolitik, dipunsengkuyung dening Budi Darma (Satoto dan Fananie, 2000: 211) bilih reriptan sastra ingkang normatif, mliginipun ngandharaken pitutur tumrap panguwasa, kosok balenipun, prayoginipun panguwasa kangge boten nresnani, nanging kangge nguwasani, menawi perlu kangge cara-cara ingkang awon.

b. Konflik Politik

Setiadi dan Usman Kolip (2015: 746) ngandharaken istilah konflik sacara *etimologis* asalipun saking basa Latin “con” ingkang tegesipun ‘sareng’ saha

“*fligere*” ingkang tegesipun ‘tabrakan’. Kanthi makaten, konflik salebeting pagesangan sosial tegesipun pasulayan, kawigatosan, kekajengan saha sanesipun ingkang ngetrapaken kalih pihak utawi langkung. Konflik kalebet gejala sosial ingkang kedadosan ing madyaning pagesangan masarakat.

Paul Conn (Surbakti 1992: 154) mantha konflik salebeting kalih perkawis ingkang wigatos. Piyambakipun mantha konflik adhedhasar *dampak* konflik tumrap arah ewah-ewahan ingkang dipungayuh. Miturutipun, konflik kapantha dados kalih, inggih menika konflik positif saha konflik negatif. (1) Konflik positif inggih menika konflik ingkang boten ngancem kawontenan sistem politik. Anggenipun cara mecahaken perkawisipun kanthi cara musawarah sesarengan. (2) konflik negatif kanthi maksud inggih menika konflik ingkang ngancem kawontenan sistem politik. Salebeting konflik menika, cara ngrampungaken konflik adatipun ngginakaken cara-cara ingkang boten jumbuh kaliyan undang-undang. *Kudeta, revolusi, terorisme*, saha wujud-wujud gerakan *sparatisme* inggih menika cara-cara ingkang dipunginakaken salebeting ngrampungaken konflik.

c. Demokrasi Politik

Kahanan demokrasi salebeting rriptan sastra panci boten dipunlirwakaken. Wigatosipun pirembagan demokrasi salebeting perkawis sosiopolitik rriptan sastra kanthi dhasar saking andharan Coleman (Salam, 2016: 377) ingkang ngandharaken bilih menawi titikan kamajuaning ewah-ewahan sosial gegayutan kaliyan pirembagan politik inggih menika demokrasi, bebadan sistem politik, saha papesthen hak-hak keadilan priyantun, satemah pirembagan kasebat ngecakaken

bilih cak-cakaning politik ingkang katindakaken boten selaras, utawi malah lepat salebeting pamawas wujudipun masarakat modern. Tegesipun, kahanan demokrasi masarakat samenika boten jumbuh kaliyan sejatosipun teges saking demokrasi.

Kuntowijoyo (2018: 76) ngandharaken bilih demokrasi inggih menika bebadan modern ingkang medal saking masarakat salebeting negara, kanthi gegayuhan sesarengan dipuntemtokaken dening pasarujukan warga negara. Piyambakipun mantha demokrasi dados tiga, inggih menika demokrasi politik, sosial, saha ekonomi. Demokrasi politik kawujud menawi kuwasa masarakat katindakaken kanthi ing nginggilipun negara. Demokrasi sosial kawujud menawi jaminan kamakmuran warga negara pikantuk perangan ingkang cekap. Demokrasi ekonomi kawujud menawi kuwasa-kuwasa *produktif* kawujud salebeting masarakat.

Miturut Andrews saha Chapman (Nadrilun, 2012: 12), titikan sistem demokrasi inggih menika (1) hak swara ingkang wiyar, (2) pamilihan umum ingkang bebas saha tinarbuka, (3) kabebasan micara saha makempal; (4) ngajeni tumrap aturan ukum, (5) pamrentah ingkang gumantung tumrap *parlemen*, saha (6) badan pengadilan ingkang bebas. Kanthi makaten, salebeting kedadosan sistem demokrasi salebeting geguritan jumbuh kaliyan titikan menika.

d. Korupsi

Salebeting pirembagan politik, korupsi kalebet wujud patrap sosiopolitik ingkang awon. Anwar (2015: 10) ngandharaken korupsi kalebet wujud nyidra tumrap kapitadosan, kajuligan turap badan pamrentah utawi bebadan umum,

sembrana tumrap kawigatosan umum kangge kawigatosan khusus, dipundadosaken wewadi, ngetrapaken jaringan awit saking kawigatosan saha kauntungan sesarengan, kapusataken tumrap pihak ingkang gadhah wewenang, ngupaya dipuntutupi kanthi pangesahan ukum, sarta wontenipun fungsi *kontradiktif*. Pirembagan gegayutan kaliyan korupsi panci ndamel sastrawan kapilut. Minangka makhluk sosial ingkang gadhah nalar sehat ndadosaken para sastrawan kedah asung pambela saha nulak korupsi.

Priyantun ingkang nindakaken korupsi dipunsebat minangka koruptor. Budi Darma (Satoto dan Fananie, 2000: 210) ngandharaken bilih salah satunggaling teges jiwa korup inggih menika sengkud agung kangge neguhaken kuwasa, menawi perlu kanthi cara menapa kemawon, kalebet ndamel kasangsaran ing pundi-pundi.

3. Budaya Politik Masarakat Jawa

Keesing (2001: 6) ngandharaken bilih budaya inggih menika sistem (saking wujud patrap ingkang katindakaken sacara sosial) kanthi makarya nggayutaken antawisipun kempalan manungsa kaliyan lingkungan *ekologi* piyambakipun. Kanthi “cara gesangipun kelompok” menika kalebet teknologi saha wujud organisasi ekonomi, cara mapan, wujud kempalan sosial saha organisasi politik, kapitadosan saha praktek agami, saha sanesipun. Langkung jangkep, Ranjabar (2013: 8) ngandharaken sistem budaya inggih menika wujud ingkang abstrak saking kabudayan. Sistem budaya utawi *cultural system* inggih menika penggalih saha pambudi dayaning manungsa ing gesang salebeting satunggaling masarakat. Pramila, sistem budaya kasebat minangka perangan saking kabudayan ingkang

dipuntegesi miangka adat istiadat. Adat istiadat menika kalebet sistem nilai budaya, sistem norma, norma-norma miturut pranata-pranata salebeting masarakat ingkang sesambetan, kalebet norma agami.

Masarakat Jawa tegesipun inggih menika salah satunggaling masarakat ingkang gesang saha ngrembaka wiwit jaman rumiyin dumugi jaman samenika sacara turun temurun ngginakaken basa Jawa kanthi maneka dialekipun saha mapan ing saperangan wewengkon pulau Jawa (Herusatoto, 2008: 10). Umumipun inggih menika masarakat ingkang mapan ing wewengkon Jawa Tengah, saperangan Jawa Timur, saha Yogyakarta ingkang ngginakaken maneka warni dialek basa Jawa. Masarakat Jawa minangka kelompok kabudayan Jawa katitik saking pratandha *identitas* ingkang sami mliginipun salebeting pamawas pagesangan sosial. Pamawas pagesangan menika dipundadosaken pandom anggenipun masarakat nglampahi pagesanganipun.

Susatyo (2008: 40) ngandharaken anggenipun nglarasaken pagesangan sosial, masarakat Jawa boten uwal saking pamawas pagesangan priyantun Jawa saha nandhesaken patrap supados *nrima, sabar, eling lan waspada, andhap asor, tepa slira, saha prasaja*. Sedaya aturan menika wigatos sanget anggenipun nggayuh kasembadan pagesanganing manungsa minangka makhluk *individu*, sosial, saha makhluk ciptaning Gusti. Sanesipun, salebeting gesang bebrayan ageng prayoginipun saged njagi karukunan. Patrap gesang kasebat arupi *lingsem, pekewuh, jirih, ethok-ethok* Mulder (Susatyo, 2008: 47). *Lingsem* menawi nglampahi tumindak ingkang boten leres ingkang boten jumbuh kaliyan norma masarakat Jawi. *Pekewuh* inggih menika ndamel rumaketipun pasrawungan kanthi

nuwuhaken raos boten sekeca supados sami ngajeni antawisipun tiyang ingkang sampun raket saha tiyang ingkang dereng tepang. *Ethok-ethok* nuwuhaken raos boten ngandharaken kawontenan gegayutan kaliyan badanipun piyambak.

Sanesipun, salebeting pamawas pagesangan politik, priyantun Jawa ugi boten uwal saking konsep pemimpin salebeting jagad pewayangan. Mliginipun konsep politik gaya Sengkuni saha Semar. Langkung wiyar, Endraswara (2014: 198) ngandharaken bilih budaya politik kanthi gaya Sengkuni jumbuh kaliyan patrap Sengkuni salebeting kitab Mahabarata. Sengkuni panci lantip. Piyambakipun prigel anggenipun olah basa, basa racun dipunpoles dados madu, supados ndamel kapilut tiyang sanes. Anggenipun nggayuh kemenangan dipungayuh kanthi cara maneka rupa. Amargi sipatipun awon saha ngajengaken jabatan inggil utawi edan kuwasa, pramila Sengkuni saben dintenipun makarya namung ngronce cara kangge pitenah saha nglengseraken kalenggahan tiyang sanes. Maneka cara julig, dusta, kejem, tipu muslihat, pitenah, saha celathu julig tansah dipunbabaraken.

Wondene budaya politik Semar, wonten kalih perkawis ingkang wigatos, inggih menika (1) ngripta kanthi sengkut andhap asor (anoraga), saha (2) gadhah jiwa pamomong, Semar kalebet dewa ingkang ngejawantah, minangka payung para satriya. Semar minangka tokoh ingkang tansah ngatos-atos. Salebeting jagad politik, Semar langkung santun, resik, tegas, saha prasaja. Salebeting konsep Asthabrata, mesthi dipuntegesi kanthi teges ingkang sae, inggih menika pemimpin ingkang purun dados pepadhang rakyat, jiwa alus, saha nentremaken ati ingkang dipunpimpin. Wonten ing perkawis politik, pangangge *estetika* Semar dados

gaman salebeting pemilu. Pribadi ikhlas ugi dados titikan budaya politik Semar. Semar dados gambaran sejatosipun pemimpin. Semar ngejawantah minangka panulung kasangsaraning rakyat (Endraswara, 2014: 201-203).

Saking andharan ing nginggil, saged dipunpendhet dudutan *kultural* salebeting pirembagan sosiopolitik wonten ing panaliten menika kanthi njumbuhaken kaliyan konsep budaya politik Sengkuni saha gaya politik Semar.

4. Nilai Profetik

Saderengipun ngangkah pirembagan babagan profetik, prayoginipun kedah mangertos rumiyin hakekat “*nilai*”. *Nilai* minangka satunggaling perkawis ingkang dados pandom kangge mutusaken kaputusan. Nilai gadhah sipat ingkang *abstrak*, amargi nilai ngewrat asiling penggalhipun priyantun ingkang boten mesthi sami kaliyan priyantun sanesipun. Hartini (2013: 19) gadhah pamanggih bilih nilai inggih menika perkawis ingkang kedah dipunpadosi kangge nggayuh pagesangan ingkang bagya mulya. Nilai ugi samubarang ingkang kedah dipunajeni saha dipunluhuraken ingkang wonten gegayutanipun kaliyan karemenan.

Sanesipun, Darmadi (2009: 27) medharaken bilih nilai inggih manika satunggaling perkawis ingkang kedah dipunaji-aji miturut *standar logika* (leres-lepat), *estetika* (sae-awon), *etika* (adil/pantes-boten adil), agami (dosa saha haram-halal), sarta dados acuan mawi sistem kapitadosan pribadi utawi pagesangan. Reriptan sastra saha nilai inggih menika kalih perangan ingkang gegayutan saha njangkepi salebeting hakekatipun minangka perkawis ingkang *eksistensial*.

Reriptan sastra minangka asiling pagesangan kanthi ngewrat nilai-nilai ingkang saged migunani tumrap pagesanganing bebrayan.

Maneka nilai pagesangan saha piwulang moral ingkang saged mupangat tumtrap pagesanganing manungsa kangge nambah wawasan batosipun ingkang kaandhut salebeting reriptan sastra kadya mosaik ingkang sulistya, ingkang dipunpanggiaken salebeting reriptan sanesipun. Nilai-nilai pagesangan ingkang maneka warni ingkang gegayutan kaliyan kamanungsan, sosial, kultural, moral, moral, politik, ekonomi, saha *gender*. Boten kesupen ugi nilai-nilai ingkang gegayutan kaliyan gegayuhan, *simpati*, *empati*, *toleransi*, raos tresna, serik, raos dosa, sedhih, ajrih salebeting pagesangan, saha puput jiwa. Sedaya saged dipunpanggiaken salebeting reriptan sastra (Al-Ma'ruf dan Nugrahani, 2017: 45). Kanthi tintingan nilai makaten, mahyakaken bilih studi sastra kalebet satunggaling peranan ingkang manusiawi salebeting pagesangan manungsa.

Pramila kanthi andharan menika saged dipunrumusaken bilih nilai inggih menika satunggaling perkawis ingkang wigatos saha rumaket tumrap pagesanganipun manungsa. Nilai kedah dipunajeni amargi ngewrat aspek pagesanganipun manungsa kadosta pendidikan, agami, sosial, budaya, ukum, ekonomi, saha sanesipun. Dados, menawi ngrembag babagan nilai pendidikan inggih menika sedaya ingkang wigatos saha migunani tumrap pendidikan ingkang kedah dipunmadegaken.

Pirembagan salebeting sastra profetik nyawijikaken kalih peranan ingkang wigatos sanget saking pagesanganing manungsa, inggih menika peranan sosial saha peranan *transendental*. *Religius* sumberipun saking tembung *religi* saha

religio ingkang tegesipun inggih menika ‘suraosipun agami’ (Wachid B.S., 2002: 176-177). Gegayutan kaliyan andharan kasebat, Trianton (2013: 213) salebeting panalitenipun ugi ngandharaken bilih sastra profetik inggih menika sastra *dialektik*. Maksudipun inggih menika sastra ingkang sesambetan kaliyan *realitas*, nglampahi pambiji, saha panyaruwe tumrap sosial budaya sacara trapsila. Andharan menika dipunmahyakaken saking maklumat sastra profetik Kuntowijoyo (2006) ingkang gadhah pamawas bilih sastra profetik inggih menika sastra ingkang mlebet salebeting sejarah kamanungsan, sastra profetik sanes kalebet sastra ingkang langkung alit saking *realitas* pagesangan.

Kuntowijoyo (2006: 20) ngandharaken bilih nyebataken *istilah profetik* saged dipunpadosi wonten ing salebeting Al Quran (3:110), “*Kamu adalah umat terbaik yang dilahirkan untuk manusia, menyuruh yang ma’ruf dan mencegah yang mungkar, dan berimanlah kepada Allah*”. Sasampunipun ngandharaken urun rembagipun manungsa wonten ing sejarah (*ukhrijat linnas*), salajengipun ayat menika ngewrat tigang perkawis, inggih menika “*amar ma’ruf*” (mrentah kesaenan, *humanisasi*), *nahi munkar* (nyegah kadurjan, *liberasi*), saha *tu’minubillah* (ngimani dhateng Gusti Allah, *transendensi*). Miturut andharan menika, *realitas profetik* ngewrat tigang perkawis inggih menika *humanisasi*, *liberasi*, *transendensi*.

Medal saking pamanggih Kuntowijoyo, Anwar (2007: 158) ngandharaken bilih salebeting wos sastra agami, miturut Kuntowijoyo langkung milih nyebataken *profetik* dipuntandhingaken kaliyan istilah *sufistik*. Pilihan kasebat kanthi tetimbangan bilih nyebataken profetik tumuju tumrap penggalih ingkang

gegayutan kaliyan patrap *kenabian* inggih menika manembah tumrap Pangeran saha niti priksa babagan donya. Tegesipun, niti priksa alam semesta menika utawi mliginipun kanthi istilah dados *khalifah* ing bumi. Wondene nyebataken *sufistik* tumuju tumrap patra kaum *sufi* ingkang langkung caket kathi praktek ingkang nandhesaken sesambetanipun manungsa kaliyan Pangeran.

Kanthi andharan wau, saged dipunrumusaken dudutanipun bilih *profetik* nggambaraken pangertosan ingkang langkung cetha, inggih menika tumuju sedaya perkawis awujud titikan utawi *nilai-nilai* ingkang jumbuh wonten sambung rapetipun kaliyan *kenabian*. *Profetik* ngrembag maneka piwulang nabi ingkang gegayutan kaliyan aspek manembah tumrap Pangeran (*transendental*), sesambetan antawisipun manungsa (*humanisasi*, saha kabebasan (*liberasi*) kanthi andharan ing ngandhap menika:

a. *Transendensi* (manembah tumrap Gusti Allah)

Inkang kapisan, nilai *profetik* ingkang gegayutan kaliyan aspek *transendensi* inggih menika perkawis ingkang ngupaya ngajak manungsa supados nuwuhaken sesambetan kanthi sae kaliyan Gusti Allah utawi ingkang dipunsebat *hablun min Allah*. Sesambetan kaliyan Gusti Allah tegesipun manungsa manembah, pitados dhateng Gusti Allah, nglampahi sedaya prentahipun saha nebihaken saking laranganipun. Roger Garaudy (Kuntowijoyo, 2006: 23) ngandharaken unsur-unsur *transendensi* wonten tiga, inggih menika (1) raos ngakeni perkawis gumantungipun manungsa tumrap Pangeran, (2) wonten bedanipun sacara mutlak antawisipun manungsa kaliyan Pangeran, (3) raos

ngakeni tumrap Pangeran ingkang asalipun boten saking penggalhipun manungsa.

Raqib (2011: 79) ngandharaken titikan *transendensi* kanthi rumusan (1) ngakeni wontenipun kadigdayan saking Gusti Allah. (2) nglampahi upaya nyaket tumrap Gusti Allah, (3) ngupaya kangge pikantuk kesaenan saking Gusti Allah, (4) mangertosi tumrap kedadosan kanthi pamawas *mistik*, (5) nggayutaken patrap, tumindak, saha kedadosan kanthi piwulang Kitab Suci, (6) nglampahi samubarang kanthi pangajab kangge katentreman ing dinten akhir (dinten kiyamat), (7) nampi perkawis gesang kanthi tulus saha pangajab supados pikantuk piwales ing akherat.

b. *Humanisasi* (raos kamanungsan)

Efendi (2011: 44) ngandharaken bilih *humanisasi* inggih menika nuwuhaken raos kamanungsan. *Humanisasi* perlu amargi kasusilan modhern ngasoraken drajat manungsa lumantar maneka cara. Kuntowijoyo (2006: 9) nandhesaken bilih *humanisasi* dipunperlukaken, amargi tandha-tandha bilih masarakat nembe tumuju tumrap *dehumanisasi*.

Roqib (2011: 84) medharaken titikan *humanisasi* kanthi (1) njagi pasedherekan tumrap sasama, (2) mawas priyantun kanthi ngajeni tumrap saben priyantu menapa kelompok sanesipun, (3) nyirnakaken maneka tumindak degsiya, amargi tumindak degsiya kalebet aspek ingkang asring dipunginakaken kangge musnakaken nilai kamanungsa priyantun sanes, (4) mbucal sedaya sipat sengit tumrap sasama.

c. *Liberasi* (kabebasan pagesangan)

Liberasi kalebet hak manungsa anggenipun mbrastha sedaya tumindak awon ingkang ndamel risak pribadinipun bangsa. Kontowijoyo (2006: 13-14) medharaken bilih wonten kalih jinis *liberasi*, inggih menika kakiyatan saking jawi saha kakiyatan saking lebet. *Liberasi* saking kakiyatan saking jawi inggih menika (1) panjajahan (samenika namung wonten ing Palestina), (2) *agresi* saking negara adikuwasa tumrap negara ingkang lemah, saha (3) *kapitalisme* dunya ingkang nempuh tumrap negara-negara kanthi rekadaya ekonomi. *Liberasi* saking lebet inggih menika (1) tumindak siya-siya tumrap politik utawi kabebasan seni, (2) tumindak siya-siya tumrap rakyat, (3) boten adil salebeting ekonomi, saha (4) *diskriminasi*.

5. Sosioantropologi Religi Sastra

Sosioantropologi religi sastra menika kadhapuk saking tiga cabang kajian sastra, inggih menika sosiologi sastra, antropologi sastra, saha religi sastra. Amrih saged mangertos sosioantropologi religi sastra, pramila prelu anggenipun mbabaraken teges tiga cabang ilmu menika. Tiga kajian sastra menika kalebet kajian *interdisipliner* ingkang dipunrumusaken dados satunggal kanthi andharan ing ngandhap menika.

Kadosta ingkang sampun kaandharaken salebeting pirembagan saderengipun bilih jagad kasusastran boten bakal kapisah saking *realitas* pagesangan, ananging dados satunggaling perangan pagesanganing manungsa sacara limrah kanthi rumaket. Adhedhasar andharan makaten, maneka perangan pagesanganing manungsa kadosta aspek budaya, sosial, politik, agami, saha

sanesipun, kenthel sanget dipunraosaken dening pamaos. Salebeting penggalhipun Lowenthal (Endraswara, 2011: 88) sastra minangka cermin nilai saha pangraos, ingkang sarembag tumrap tingkat ewah-ewahan salebeting masarakat ingkang beda saha ugi cara *individu* anggenipun *sosialisasi* dhiri lumantar struktur sosial. Reriptan sastra ingkang mentalaken kahananipun masarakat bakal dados seksining jaman. Kanthi makaten, kahanan masarakat bakal kawrat salebeting reriptan sastra.

Jagad kasusastran ingkang langkung wiyar, ndadosaken reriptan sastra saged dipuntintingi mawi *perspektif* analisis. Menapadene Maria dan Kecht (2010: 340) ngandharaken bilih:

Literary analysis may be placed in various kinds of contexts, which may emerge from intellectual history, social history, psychology, philosophy, media theory, technology, and so forth. Neither in principle nor in terms of disciplinary conventions are there any limits to this sort of "mix and match."

‘analisis sastra saged dipuncakaken mawi maneka warni *konteks*, ingkang saged medal saking sejarah *intelektual*, sejarah sosial, psikologi, filsafat, teori media, saha sanesipun. Mawi sacara prinsip menapa *konvensi* disiplin ingkang boten winates menapa kemawon “campur bawur”,

Saking andharan ing nginggil, *analisis* reriptan sastra panci langkung mbika wawasan mawi tintingan ilmu menapa kemawon, kadosta sosioantropologi sastra. Sosioantropologi sastra minangka gabungan saking kalih ilmu sastra *interdisipliner* inggih menika sosiologi sastra saha antropologi sastra. Mendhet pamawas saking Escarpit (2005: 3) bilih sedaya fakta sastra nedahaken wontenipun panyerat, buku saha pamaos utawi sacara umum saged dipunsebataken pangripta, reriptan, saha publik. Saben fakta sastra kalebet perangan satunggaling *sirkuit*. Kanthi sarana *transmisi* ingkang langkung

kompleks, kalebet perangan seni ugi teknologi saha usaha dagang, menika nggayutaken *individu-individu* kanthi cetha ateges satunggaling *kolektifitas*.

Gegayutan kaliyan pamawas saking Escarpit, Sugiarti dan Andalas (2018: 18) gadhah pamawas bilih reriptan sastra inggih menika cak-cakan ngengingi *fakta* kamanungsan. *Fakta* kamanungsan kasebat mawujud salebeting maneka kagiyatan saha patrap manungsa. Wujud kagiyatan kasebat saged wujud kagiyatan sosial tartamtu, kadosta politik, filsafat, seni rupa, musik, saha sanesipun. Satunggaling reriptan sastra mijil saking kahanan utawi prastawa sejarah ingkang kedadosan ing wekdal kasebat. Reriptan sastra mijil minangka akibat saking *fakta* kamanungsan ingkang kedadosan ing madyaning masarakat panganggit. Pramila reriptan sastra minangka asil budaya ingkang mijil saking masarakat prayoginipun dipuntindakaken saha dipunmupangataken sami kaliyan aspek kabudayan sanesipun inggih menika mangsulaken ing madyaning bebrayan.

Wondene gegayutan kaliyan sosiologi sastra, Wiyatmi (2013: 5) langkung mligi anggenipun mbabaraken penggalih ngengingi sosiologi sastra ingkang mangertos tumrap kedadosan salebeting sastra kanthi sesambetanipun kaliyan aspek sosial inggih menika pamawas utawi cara maos saha mangertos sastra ingkang asipat *interdisipliner*. Satunggaling ilmuwan sastra, Swingwood ngandharaken watesaning sosiologi minangka ilmu, watesaning sastra, lajeng mbabaraken beda saha saminipun sosiologi kaliyan sastra. Swingwood mbabaraken bilih sosiologi inggih menika studi ilmiah saha *objektif* gegayutan kaliyan manungsa salebeting masarakat, studi ngengingi lembaga saha proses sosial.

Salebeting *paradigma* studi sastra, Wiyatmi ngandharaken bilih sosiologi sastra ngrembaka saking *pendekatan mimetik*, ingkang dipunandharaken dening Plato, bilih rriptan sastra kanthi gegayutanipun kaliyan *realitas* saha perangan sosial kemasarakatan. Penggalih kasebat mawi pawadan saking *fakta* bilih kawontenanipun rriptan sastra boten uwal saking *realitas* sosial ingkang kedadosan salebeting masarakat. Kanthi pirembagan ngengingi sosiologi sastra, pramila rriptan sastra boten dipunmangertosi minangka satunggaling *otonom*, kadosta *perspektif strukturalisme*. Ananging kawontenanipun rriptan sastra dipunmangertos saking peranganipun masarakat. Sastra dipunanggep minangka perangan salah satunggaling *fenomena* sosial budaya, minangka *produk* masarakat.

Wellek dan Waren (2016: 100) mantha telaah sosiologi sastra dados tigang perangan. Ingkang kapisan, sosiologi panganggit ingkang ngrembag perkawis gegayutanipun kaliyan status sosial, *ideologi* politik, saha sanesipun ingkang wonten gegayutanipun kaliyan panganggit. Ingkang angka kalih, sosiologi sastra ingkang ngrembag perkawis gegayutanipun kaliyan rriptan sastra. Ingkang dados pokok pirembagan inggih menika menapa ingkang kawrat salebeting rriptan sastra saha piwulang menapa ingkang bakal dipunwedharaken. Ingkang angka tiga, sosiologi sastra ngrembag gegayutanipun kaliyan pamaos saha pangaribawa sosialipun tumrap masarakat.

Bedanipun kaliyan pirembagan sosiologi sastra, antropologi sastra dipunbabaraken kanthi gamblang dening Ratna (2011: 52) bilih antropologi sastra kadhapuk saking kalih tembung inggih menika “antropologi” saha “sastra”.

Kanthi prasaja, antropologi (*anthropos+logos*) ateges ilmu gegayutanipun kaliyan manungsa, dene sastra (*sas+tra*) ateges sarana piwulang. Sacara wiyaripun, antropologi sastra inggih menika ilmu pengetahuan kanthi gegayutanipun reriptan sastra ingkang dipun-*analisis* ngengingi perkawis-perkawis antropologi. Amargi antropologi sastra wiyar sanget pirembaganipun, pramila gegayutanipun kaliyan sastra winates tumrap antropologi budaya, jumbuh kaliyan hakikat sastra piyambak inggih menika sastra minangka asil kagiyatan kultural, kanthi wujud samukawis ingkang kasar, minangka naskah (*artefact*), interaksi sosial (*socifact*) saha kontemplasi dhiri (*mentifact*).

Nyengkuyung pamanggih ing nginggil, salebeting panaliten ingkang kalampahan dening Hesaraki (2014: 23), piyambakipun ngandharaken bilih miturut Herscotis bilih cara gesangipun masarakat dipunsebat budaya. Dados budaya kalebet cara gesang masarakat ing pundi kemawon ingkang madeg saking masarakat ingkang sami gineman piyambak, saha sejatosipun wonten sesambetan kanthi rumaket antawisipun piyambak. Amargi salebeting budaya wonten pinten-pinten unsur ingkang jumbuh satunggal kaliyan sanesipun saha mujudaken kapitadosan, nilai-nilai, satemah unsur-unsur menika ngrembaka kanthi ngginakaken sastra.

Sanesipun ugi salebeting panaliten ingkang dipunlampahi Djirong (2014: 216) bilih kajian antropologi sastra dipunsebat salah satunggaling teori utawi kajian sastra ingkang nintingi antawisipun sastra saha budaya utaminipun kangge mawas kadospundi sastra dipunginakaken ing padintenan dados sarana patrapipun masarakat. Piyambakipun ugi ngandharaken bilih prinsip gegayutan antawisipun

sastra saha kabudayan (antropologi sastra, sosiologi sastra, saha psikologi sastra) mijil amargi analisis kanthi mupangataken teori-teori *strukturalisme* langkung gayeng saha ajeg kanthi unsur-unsur *intrinsik* satemah nglirwakaken aspek sosiokulturalipun.

Salajengipun, Teng (2017: 72) ugi nate ngrembag salebeting seratanipun gegayutan kaliyan kabudayan saha sastra bilih kabudayan menika asil rriptan *individu*. Ananging *objek* ingkang dipunandharaken boten uwal saking kabudayan saha pagesangan sosial masarakat. Budaya saha sastra gumantung antawis kekalihipun. Sastra dipunaribawani sanget dening budaya, satemah sedaya perkawis kabudayan kawrat salebeting rriptan sastra. Menawi kabudayan inggih menika satunggaling sistem ingkang mranata sesambetan antawisipun manungsa salebeting masarakat, sastra inggih menika satunggaling mupangat minangka sarana lelampahan salebeting paginemanipun masarakat.

Kajawi menika, sastra ugi dados *identitas* satunggaling bangsa. Sastra inggih menika rriptan babagan patrap saha subasita manungsa sacara simbolis. Kadosta ingkang dipunandharaken dening Endraswara (2013: 3) bilih sastra saha antropologi panci rumaket, kekalihipun saged sami paring kauntungan anggenipun nyinau manungsa lumantar *ekspresi* budaya. Sastra kathah ngecakaken *fakta-fakta imajinatif*. Antropologi nggatosaken sedaya aspek budaya manungsa saha masarakat minangka kelompok *variabel* ingkang nglampahi *interaksi*, dene sastra dipunmangertosi minangka cermin pagesangan masarakat ingkang nyengkuyung.

Langkung lebet, Endraswara (2013: 5) ngandharaken titikanipun panaliten antropologi sastra inggih menika mangertosi rriptan sastra saking sisih maneka

warni budaya. Reriptan-reriptan ingkang ngewrat warna lokal sejatosipun boten tebih bedanipun kaliyan etnografi. Titikan seratan etnografi saha reriptanipun panganggit boten tebih bedanipun, inggih menika (a) ngewrat perkawis gegayutanipun kaliyan patrap manungsa; saha (b) ngewrat babagan *humani*. Kekalih perkawis menika mbetahaken tafsir ingkang langkung lebet.

Salajengipun, Manungsa minangka makhluk *monoteisme* ugi boten uwal saking cak-cakan agami ingkang dados pangiring gesangipun manungsa. Pagesanganing masarakat ingkang kawrat salebeting reriptan sastra panci boten saged dipunlirwakaken saking patrap saha unsur agami masarakat. Pramila, Mangunwijaya (1982: 11) ngandharaken bilih wiwitipun reriptan sastra asipat *religius*, makaten ugi saben reriptan sastra ingkang sae tamtu gadhah jiwa *religius*. Andharan kasebat nandhesaken bilih salebeting reriptan sastra ngandhut nilai, norma, saha piwulang agami. Wedharan menika medal amargi panganggit reriptan sastra inggih menika makhluk sosial saha ugi makhluk *religi* ingkang boten uwal saking pangalaman *reiligijs*-ipun badhe mangaribawa reriptan sastra ing kang dipunasilaken.

Saking andharan pirembagan perkawis sosiologi saha antropologi sastra menika, sacara umum antawisipun sosiologi sastra saha antropologi sastra sami-sami ngrembag gegayutanipun kaliyan manungsa. Antropologi sastra ngrembag budaya satunggaling kelompok masarakat tartamtu, wondene sosiologi sastra langkung ngrembag manungsa kaliyan sesambetan sosialipun salebeting reriptan sastra. Kanthi pirembagan saking pamawas panganggit saha pamaos, makaten ugi saking pamawas manungsa salebeting reriptan sastra. Sosioantropologi sastra

ngacakaken analisis reriptan sastra kanthi nggatosaken *fakta-fakta* sosial saha kultural masarakat lokal salebeting reriptan sastra. Wondene *religi* sastra inggih menika pirembagan reriptan sastra jumbuh kaliyan unsur-unsur agami. Kanthi andharan menika, pamawas sosioantropologi religi sastra nggatosaken reriptan sastra kanthi pamawas sosiobudaya saha agami masarakat ingkang kawrat salebeting reriptan sastra. Wondene *religi* sastra langkung kaandharaken kanthi wosing nilai profetik salebeting reriptan sastra.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika inggih menika panaliten ingkang kalampahan dening Mohd. Norma Sampoerna (2016) kanthi irah-irahan “*Kajian Antropologi dan Nilai Pendidikan Karakter Religius dalam Pantun Adat Jambi serta Relevansinya terhadap Pembelajaran Sastra di SMP*”. Sampoerna nggambaraken *pantun* adat Jambi kanthi tintingan kajian antropologi sastra saha ngrembag wosing nilai pendidikan karakter *religius* sarta madosi *relevansi*-nipun tumrap pasinaon sastra ing SMP.

Asil panalitenipun Sampoerna (2016) inggih menika bilih salebeting *pantun* adat Jambi kapanggihaken perangan saking pirembagan antropologi sastra ingkang awujud (1) *kompleksitas ide* kalebet hakikat pagesangan, manungsa salebeting papan saha wekdal, reriptan manungsa, pamawas manungsa salebeting alam semesta, sesambetan antawisipun manungsa saha sasami; (2) *kompleksitas aktivitas* kalebet pasedherekan, *estetika*/kaendahan, *religi*, saha politik; (3) *kompleksitas asil budaya* kalebet basa, sistem pengetahuan, sistem pirantos pagesangan teknologi, sistem pakaryan pagesangan, bebadan sosial, sistem *religi*,

saha kesenian. Nilai pendidikan karakter ingkang kaandhut salebeting *pantun* adat Jambi inggih menika nilai *religius*. Wondene *relevansi* unsur-unsur budaya saha nilai pendidikan karakter kaliyan pasinaon sastra ing SMP sarta saking wosing *pantun* adat Jambi *relevan* dipundadosaken mingka bahan ajar pasinaon sastra ing SMP. Boten namung saking wosipun kemawon, ananging ugi saking perangan basa ingkang dipunginakaken langkung gampil dipunmangertosi siswa amargi ngginakaken basa padintenan.

Sanesipun panaliten ing nginggil, panaliten menika ugi jumbuh kaliyan panaliten kanthi irah-irahan “*Nilai Profetik dalam Puisi Karya Abdul Wachid B.S.*” (Tesis anggitanipun Mahroso Doloh, 2018) ingkang *fokus* ngrembag wujud saha nafsiraken *puisi*. Perkawis ingkang sami dipunrembag salebeting panaliten menika kaliyan panaliten ingkang kalampahan dening Mahroso inggih menika *nilai profetik* salebeting rriptan sastra. Mahroso ngandharaken nilai *profetik* salebeting *puisi* anggitanipun Abdul Wachid B.S. kanthi wewaton sastra *profetik* saking Kuntowijoyo ingkang nggambaraken nilai *profetik* mawi tigang pilar *profetik*, inggih menika *transendensi*, *humanisasi*, saha *liberasi*.

Wondene gegayutan kaliyan perkawis sosial, panaliten menika ugi *relevan* kaliyan panaliten ingkang dipunlampahi dening Radhika (2018) kanthi irah-irahan *Nilai Sosial Budaya Jawa dalam Novel Ahmad Tohari (Kajian Sosiologi Sastra)*. Radhika namung nintingi satunggaling rriptan sastra awujud novel ngginakaken *perspektif* sosiologi sastra. Panaliten Radhika ingkang nintingi sekawan novel anggitanipun Ahmad Tohari ngasilaken wujud nilai sosial budaya Jawa arupi bebadan sosial, kelompok sosial, *stratifikasi* sosial, proses sosial, basa, system

pengetahuan, organisasi sosial, pirantos/teknologi, pakaryan, *religi*, saha kesenian. Salajengipun wujud konflik ingkang kadhapuk saking konflik *fisik*, konflik sosial, saha konflik batos. Wujud nilai sosial budaya Jawi ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika nedahaken bilih novel-novel menika adhedhasar pawadan suku Jawi.

Jumbuh kaliyan panalitenipun Radhika, panaliten menika ugi jumbuh kaliyan panaliten salebeting tesisipun Nuari (2018) kanthi irah-irahan *Nilai-nilai Pendidikan Multikultural dalam Babad Tanah Sunda Babad Tanah Cirebon sebagai Alternatif Bahan Ajar: Pendekatan Sosiologi Sastra*. Panaliten Nuari ngasilaken bilih salebeting Babad Tanah Cirebon kapanggihaken nilai-nilai pendidikan *multikultural* arupi sinau pagesangan salebeting pambeda, mbangun raos sami pitados (*mutual trust*), njagi raos sami pangerten (*mutual understanding*), njunjung patrap sami ngajeni (*mutual respect*), tinarbuka salebeting penggalih, *apresiasi* saha *interdependensi*, saha *resolusi* konflik saha *rekonsiliasi* tumindak degsia. Salajengipun, wujud pendidikan *multicultural* inggih menika *toleransi*, demokrasi/kabebasan, kaselarasan, saha wujud keadilan. Wondene trap-trapan ingkang dipunginakaken minangka *alternatif* bahan ajar inggih menika maos Babad Tanah Sunda Babad Cirebon kanthi madosi piwulang ingkang kaandhut, nilai, norma, tradhisi, *interpretasi*, saha pirembagan.

Panaliten ingkang dipunlampahi panaliti *relevan* kaliyan panaliten saderengipun ingkang sampun kaandharaken ing nginggil. Panaliten Sampoerna jumbuh kaliyan kajian panaliten ingkang dipunrembag panaliti amargi sami-sami ngrembag perkawis antropologi sastra saha nilai *religius*. Wondene bedanipun

kaliyan panaliten Mahroso, piyambakipun namung ngrembag perkawis nilai *profetik* kemawon salebeting *puisi* anggitanipun Wachid B. S. Panaliten menika nedahaken objek kajian ingkang sami kaliyan panaliti, ananging panaliti ngginakaken objek panaliten awujud *geguritan* mawi basa dialek Tegal.


Panaliten Radhika saha panaliten Nuari sami-sami ngginakaken *pendekatan* sosiologi sastra. Bedanipun kaliyan kajian ingkang dipunrembag panaliti inggih menika panaliti ngginakaken pamawas kajian sosioantropologi religi sastra minangka kalebet gabungan saking kajian sastra *interdisipliner*. Sampoerna saha Nuairi sami-sami ngginakaken objek panaliten awujud sastra dhaerah. Pramila *konteks* sosio-budaya dados perangan ingkang wigatos sanget anggenipun ngrembag sastra lokal. Saking andharan panaliten ingkang jumbuh menika nggambaraken bilih panaliten ingkang kaangkah dening panaliti boten ngliwakaken panaliten-panaliten ingkang nate kalampahan dening panaliti saderengipun. Pramila, panaliten menika ngrembakaken kajian panaliten ingkang sampun wonten.

C. Nalaring Pikir

Geguritan inggih menika jinising riptan sastra Jawi modern ingkang ngrembaka wonten ing bebrayan. Geguritan minangka riptan sastra Jawi modern narik kawigatosan dados sumbering panaliten. Saking maneka panaliten, kajian ingkang gegayutan kaliyan geguritan panci tansah mbanyu mili. Menapa malih geguritan ingkang dipuncakaken mawi basa lokal ing Nuswantara tansah dipunrembakakaken. Pramila kathahipun tema ingkang kawrat salebeting

geguritan nuwuhaken penggalhipun para panaliti mbabaraken tintingan geguritan kanthi maneka warni.

Salah satunggaling kempalan geguritan ingkang narik kawigatosanipun panaliti inggih menika antologi geguritan *Republik Tegal* ingkang dipunanggit mawi basa Jawi dialek Tegal. Geguritan minangka *simulakrum* pagesanganing bebrayan ngewrat maneka perkawis. Wonten ing panaliten menika, *fokus* panaliti badhe nintingi perkawis babagan wujud sosiopolitik kultural saha nilai *profetik* salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* mawi *perspektif* sosioantropologi religi sastra.



Gambar 1. Nalaring Pikir

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten “*Realitas* Sosiopolitik saha Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan *Republik Tegal* (Kajian Sosioantropologi Religi Sastra)” inggih menika panaliten *deskriptif kualitatif*. Metode kualitatif paring kawigatosan tumrap data alamiyah, data saha gegayutan kaliyan *konteks* kawontenanipun (Ratna, 2015: 47). Adhedhasar pangertosan kualitatif kasebat, pramila saged dipunlampahi *analisis* reriptan sastra ingkang mahyakaken gejala sosial ingkang jumbuh. Analisis *deskriptif* menika fokus kajianipun dhumateng wosipun reriptan sastra. Fokus panaliten menika inggih menika mbabaraken wujud *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik ingkang dipuntintingi mawi *perspektif* kajian sosioantropologi religi sastra.

B. Data saha Sumber Data Panaliten

Endraswara (2011: 103) ngandharaken bilih data panaliten pikantuk saking sedaya *fakta* utawi *fenomena*. Data ing panaliten menika inggih menika sedaya unsur basa arupi tetembungan, frasa, klausa, utawi ukara-ukara ingkang ngandhut *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting gatra geguritan ingkang sampun kapilah saking buku antologi geguritan *Republik Tegal*. Geguritan ingkang sampun kapilah badhe dipunanalisis satemah saged pikantuk data-data ingkang ngandhut *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik. Dene

pamilihing sumber data wonten ing panaliten menika ngginakaken teknik *purposive sampling* ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

Tabel 1. Sumber data panaliten

No.	Irah-irahan Geguritan ingkang Dipundadosaken Sumber Data
1.	Kalingan
2.	Pan Dadi Apa
3.	Lenggaong
4.	Pimpinan
5.	Kowen Milih Lagune Apa?
6.	Udan Salah Mangsa
7.	Istighosah nggo Pejabat sing Mateni Hapene
8.	Kipit Kipit Kepot
9.	Kumyah-kumyah
10.	Apa Iya
11.	Wolak-walik
12.	Iwak Sontong Diwadhahi Ketel
13.	Sing Tak Enteni Pemimpin Anyar
14.	Nging
15.	Tuma
16.	J Vs P
17.	Sajak Karijan Nyalon Dewan
18.	Kajogan
19.	Aja Pilih sing Gedhubragan
20.	Itung-itung Ngrungokna Radio
21.	Taun Politik
22.	Paceklik
23.	Wal wal Keduwal
24.	Goroh
25.	Oprasi=(Basa-basi)

Sumber data ingkang kaandharaken ing ngginggil inggmenika geguritan-geguritan ingkang kawrat salebeting buku antologi geguritan *Republik Tegal* anggitanipun para sastrawan Tegal ingkang dipuncithak dening Balai Bahasa Jawa Tengah taun 2018. Wonten buku kasebat ngewrat 82 geguritan anggitanipun 33 sastrawan saking Tegal. Buku antologi geguritan *Republik Tegal* kapilih dados

objek panaliten amargi buku menika kalebet reriptan ingkang taksih enggal saha ngewrat kewontenan sosiopolitik kultural wonten ing jamanipun. Wondene proses salebeting milih data geguritan, dipunlampahi kanthi cara maos sedaya geguritan ingkang ngewrat babagan sosiopolitik kultural saha nilai profetik Panaliten menika ugi ngginakaken sumber data *sekunder*, inggih menika sumber data arupi pustaka, jurnal, artikel, saha sanesipun ingkang jumbuh saged mbiyantu pangangkah panaliten menika.

C. Cara Ngempalaken Data

Cara ngempalaken data ngginakaken cara maos saha nyathet kanthi setiti saha permati anggenipun nggatosaken peranganipun sumber data ingkang jumbuh kaliyan ancasipun panaliten. Salajengipun, perangan ingkang jumbuh menika dipunsukani tandha supados gampang menawi dipunpantha-pantha. Perangan menika minangka data ingkang salajengipun dipunserat wonten ing kertu *analisis* data.

Wonten ing panaliten menika, panaliti ugi kedah nglampahi cak-cakanipun panaliten kangge ngempalaken data, inggih menika kanthi cara:

1. Maos geguritan ingkang sampun dipunpilih adhedhasar ancasing panaliten, inggih menika madosi perkawis sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*.
2. Data salebeting geguritan menika dipunparingi tandha tartamtu kangge mbedakaken jinising data ingkang kaperang dados kalih inggih menika perkawis *realitas* sosiopolitik kultural saha wujud nilai profetik.

3. Salajengipun, data menika dipunserat wonten ing kertu *analisis* data.

D. Pirantosing Panaliten

Salebeting panaliten menika, panaliti dados *instrumen* utami ingkang madosi perkawis sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*. Pramila, supados gampang anggenipun nganalisis, panaliti kedah dipunbiyantu ngginakaken piranti inggih menika kertu *analisis* data. Wujudipun kertu data inggih menika:

Tabel 2. Kertu *analisis* data *realitas* sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*.

No Data	Kode	Data	Titikan Perkawis Sosiopolitik				Konteks Kultural	Kat
			Kuwasa	Konflik Politik	Demokrasi Politik	Korupsi		

Tabel 3. Kertu *analisis* data nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*.

No	Aspek Nilai Profetik	Perkawis Nilai Profetik	Data	Katrangan	Kode Data	No. Data

E. Cara Nganalisis Data

Cara nganalisis data dhasaripun inggih menika *proses* nafsiraken data, tegesipun wonten ing *analisis* menika panaliti kedah nintingi *objek* panaliten

kanthi langkung lebet asiling panaliten jumbuh kaliyan *teori* ingkang dipunginakaken. *Teori* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *teori* ingkang gegayutan kaliyan *realitas* sosiopolitik kultural saha *teori* nilai profetik.

Cara *analisis* data ingkang dipunginakaken wonten panaliten menika inggih menika *analisis konten* (*content analysis*) kanthi ngandharaken perkawis babagan sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*. Dene lampahing *analisis* data miturut Siswantoro (2010: 60) wonten sekawan ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika:

1. Ngringkes data (*reduksi*)

Reduksi data inggih menika kagiyatan ngringkes data, milih data saha musatakaen data dhateng gambaranipun utawi wujud sosiopolitik kultural saha nilai profetik mawi tingingan sosioantropologi religi sastra sarta mbucal data ingkang boten wonten gegayutanipun kaliyan *konsep* menika.

2. Mantha data (*klasifikasi*)

Klasifikasi data kalampahan kanthi cara merang data ingkang ngewrat sosiopolitik kultural saha nilai profetik.

3. Ngecakaken data

Display data ngandharaken data ingkang sampun dipunkelompokaken ingkang awujud *indikator*.

4. Nafsiraken data (*interpretasi*)

Nafsiraken data inggih menika lampahan *analisis* data ingkang pungkasan. *Penafsiran* utawi *interpretasi* ngengingi perkawis ingkang wonten gegayutanipun

kaliyan perkawis sosiopolitik kultural saha nilai profetik sacara tumata saha *objektif* awujud *tabel* ingkang salajengipun dipun-*analisis* kanthi *deskriptif*.

F. Cara Ngesahakn Data (*Validitas* saha *Reliabilitas*)

Validitas data wonten ing panaliten menika ngginakaken *validitas semantik* saha *validitas referensial*. *Validasi semantik* inggih menika pambudi dayaning nafsiraken data kanthi tetimbangan makna adhedhasar *konteks* panaliten, inggih menika *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*. Dene *validitas referensial* inggih menika cara anggenipun ngiyataken *analisis* salebeting pirembagan mawi *referensi-referensi* ingkang trep kadosta buku-buku, kalawarti, jurnal, medhia *online*, saha sanesipun satemah saged ngasilaken *analisis* ingkang saestu lebet perkawis *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*.

Reliabilitas ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *interrater*. *Reliabilitas intrarater* inggih menika pados data saking sumber data kanthi cara maos makaping-kaping pramila saged nampi data ingkang ajeg. *Reliabilitas interrater* katindakaken kanthi cara nyuwun pambiyantu tiyang sanes kangge mbiyantu *analisis* data. *Reliabilitas interrater* ugi dipuntindakaken kanthi tetimbangan *verifikasi* pakar. Wonten ing bab menika inggih dosen ahli wonten ing ngelmi sastra, ingkang ugi dados pembimbing panaliten menika.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi dheskripsi wujud perkawis *realitas* sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*. Titikan perkawis sosiopolitik kultural inggih menika wonten sekawan, (1) Kuwasa, (2) Konflik Politik, (3) Demokrasi Politik, saha (4) Korupsi ingkang dipunjumbuhaken kaliyan budaya politik masarakat Jawa kanthi migunakaken budaya politik Sengkuni saha Semar. Gegayutan kaliyan perkawis kuwasa, panaliti ngginakaken titikan gegayutan kaliyan tumindak kuwasa. Wondene konflik politik dipunpadosi kanthi titikan konflik politik positif saha negatif. Demokrasi politik karembag kanthi titikan kedadosan pamilihan umum saha kabebasan micara. Korupsi dipunpadosi kanthi titikan nulak tumindak korupsi saha kedadosan tumindak korupsi. Sedaya pirembagan sosiopolitik kajumbuhaken kaliyan wosing kultural konsep budaya politik Sengkuni saha budaya politik Semar. Wondene asiling panaliten wujud perkawis *realitas* sosiopolitik kultural kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

Tabel. 4 Asil panaliten wujud perkawis *realitas* sosiopolitik kultural

No	Perkawis Sosiopolitik	Perangan	Patrap Budaya Politik	Temuan
1.	Kuwasa	Kedadosan tumindak kuwasa	Edan Kuwasa	KML, AI, Ww saha Tm
			Kejem	INP
		Pemimpin Sejati	Tegas	Pp
2.	Konflik Politik	Konflik Politik Negatif	Tegas	Lg
3.	Demokrasi Politik	Pemilu	Pamomong	SKN
			Julig	AI saha Kj
			Dusta	ISD, APS, INR, saha TP
			Umuk	JP
		Demonstrasi	Kejem	Ng
4.	Korupsi	Nulak tumindak korupsi	Waspada	Kl, PDA, saha Kk
		Kedadosan tumindak korupsi	Serakah	Lg, KKK, STEP, Pc, WWK, Go, saha OB

Wondene wujud nilai-nilai profetik ingkang kapanggihaken salebeting antologi geguritan Republik Tegalane inggih menika nilai profetik ingkang kawujud salebeting tigang wujud perangan profetik inggih menika *transendensi*, *humanisasi*, saha *liberasi*. Ingkang kapisan, nilai profetik ingkang gegayutan kaliyan aspek *transendensi* inggih menika perkawis ingkang ngupaya ngajak manungsa supados nuwuhaken sesambetan kanthi sae kaliyan Gusti Allah utawi

ingkang dipunsebat *hablun min Allah*. Sesambetan kaliyan Gusti Allah tegesipun manungsa manembah, pitados dhateng Gusti Allah, nglampahi sedaya prentahipun, saha nilaraken sedaya laranganipun.

Wonten aspek ingkang angka kalih inggih menika aspek *humanisasi* ingkang gadhah teges bilih manungsa tansah gadhah raos kamanungsan. Prelunipun *humanisasi* amargi masarakat gadhah tandha-tandha *dehumanisasi*. Manungsa langkung dipunkuwaos alam penggalhipun. Kahanan makaten boten sadhar bilih *dehumanisasi* dipunraosaken dening saperangan masarakat Indonesia. Dene aspek *liberasi* inggih menika *implementasi* saking *wa tanhauna 'anil munkar* utawi nyegah kamurkan. Amargi *liberasi* kalebet hak manungsa anggenipun mbrasta sedaya tumindak awon ingkang ndamel risak pribadinipun bangsa. Asiling panaliten ngengingi nilai profetik kaandharaken ing ngandhap menika.

Tabel. 5 Asil panaliten wujud perkawis nilai profetik

No.	Aspek Nilai Profetik	Perangan	Temuan
1.	<i>Transendensi</i> (Manembah dhateng Gusti Allah)	Pepeling pejah	PDA saha KML
		Tansah dedonga	STEP, SKN, saha USM
		Tansah dzikir	USM saha Pc
		Kapitadosan tumrap wujud kuwasaning Gusti	INP saha CLP
		Tansah tumindak sabar	Go saha KKK

No.	Aspek Nilai Profetik	Perangan	Temuan
2.	<i>Humanisasi</i> (Raos Kamanungsan)	Njagi Paseduluran	Kl, TL, CLP, dan JP
		Perduli tumrap Rakyat	Lg, Ww., saha TP
		Perduli tumrap kulawarga	Kk saha PDA
3.	<i>Liberasi</i> (Kamardikan)	Perjuangan ngajeni pagesanganipun bangsa	AI
		Tumindak siya-siya tumrap kabebasan seni	Ng
		Kabebasan pagesangan	STEP

B. Pirembagan

Asiling panaliten ingkang kacawisaken ing nginggil salajengipun dipunrembag langkung lebet wonten ing ngandhap menika. Wonten ing bab menika badhe kaandharaken perkawis sosiopolitik kultural inggih menika kuwasa politik, konflik politik, demokrasi politik, saha korupsi. Wondene nilai profetik ingkang badhe kaandharaken inggih menika *transendensi* (manambah dhateng Gusti Allah), *humanisasi* (sesambetan antawisipun manungsa), saha *liberasi* (kabebasan pagesangan).

1. Wujud Perkawis *Realitas* Sosiopolitik Kultural salebeting Antologi Geguritan *Republik Tegal*

a. Kuwasa

Inti salebeting pirembagan politik masarakat inggih menika kuwasa. Rahman (2017: 630) ngandharaken bilih boten bakal wonten perkawis politik

tanpa wontenipun kuwasa, rakyat, saha masarakat. Kuwasa kalebet wujud kaprigelan priyantun utawi satunggaling kelompok kangge paring pangaribawa tumrap patrap tiyang utawi kelompok sanes jumbuh kaliyan kekajengan saha ancas saking patrap. Salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* kapanggihaken kedadosan tumindak kuwasa saha patrap panguwasa ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1) Tumindak Kuwasa

Tumindak kuwasa ingkang kapanggihaken salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* inggih menika rebatan kuwasa minangka dados kasunyatan pagesanganing masarakat. Perkawis menika kawrat salebeting geguritan kanthi irah-irahan *Kowen Milih Lagune Apa, Apa Iya, Tuma, Wolak Walik* saha *Istighosah Nganggo Pejabat sing Mateni Hapene*. Pirembagan perkawis kedadosan politik menika kados katingal salebeting data geguritan *Tuma* ing ngandhap menika.

Praktek nggayuh rebatan kuwasa gegayutan kaliyan korsi pamrentah dados pethilan gegambaraning panganganggit anggenipun ngandharaken perkawis rebatan kuwasa minangka perangan saking aspek kuwasa politik. Kadosta data ingkang kapanggihaken salebeting geguritan *Tuma* wonten ngandhap menika.

(1) *Tuma tumaku ngumpet
esih dhemen dolanan
petak umpet, gobak sodor, jangka
lan nembang gundul-gundul pacul
cublek-cublek suweng, lir ilir karo
mlaku-mlaku sadawane rambutku
sing dadi suket*

*Tuma tumamu nglayab
nongkronk ongang-onggang neng
rambut klimise cukong
njoged dansa neng rambut uwane
ndoro
nggaya pamer gengsi
ambisi rebutan krosi
sadowane rambutmu sing dadi
karpet*

(Republik Tegal, 2018: 74)

Saking geguritan ing nginggil, *tuma* dados simbol manungsa. Panganggening tembung *tuma* dados pambandhing saha kritik ingkang dipuntujukaken tumrap pejabat, maringi pangertosan bilih *tumaku* saha *tumamu* gadhah andharan ingkang beda. Tetandhingan antawisipun tumamu (tiyang ingkang nembe nggayuh kuwasa) saha tumaku (tiyang biyasa) dados gegambaran kahanan kekajenganipun manungsa tumrap kuwasa politik. Wonten ing ngriki, *tumamu* ngandhut kritik tumrap *realitas* priyantung ingkang nglenggahi kuwasa namung gadhah gegayuhan kanthi */nggaya pamèr gengsi/ ambisi rebutan krosi/*.

Patrap masarakat ingkang kagambaraken salebeting geguritan jumbuh kaliyan budaya politik Sengkuni ingkang *ambisi* tumrap kuwasa. Panguwasa ingkang dados pangajabing rakyat kangge mujudaken keadilan malah enak-enakan. Raos umuk tumrap jabatanipun nanging boten jumbuh kaliyan pangajabipun rakyat. Kahanan panguwasa ingkang *nyengkuni*, tumindak sante-sante ngarosaken jabatanipun.

Sanesipun kedanan kuwasa, politik gaya Sengkuni ugi kawrat salebeting geguritan *Istighosah kanggo Pejabat sing Mateni Hapene* ing ngandhap menika.

(2) *Ana udan barat ngancaruwa bledhege ngampar-ngampar
kebonan banjiriran lemah-lemah padha longsor*

*wedhus kebo padha kenthir
rakyat pating njlerit
**esih ana bae kelakuane menungsa padhahal pejabat
tapi mateni hapene**
bareng dicek neng umahe dheweke lagi sante-sante
ngerti keadaan sing kaya kuwe rakyat ora dadi trimane*

(Republik Tegal, 2018: 28)

Pethilan pada geguritan ing nginggil nggambaraken kedadosan masarakat ingkang kenging musibah banjir saha longsor. Sanadyan kahanan rakyat nggegirisi, nanging boten jumbuh kaliyan patrap pejabat minangka panguwasa ingkang boten gadhah raos perduli. Pejabat ingkang makaten panci dados gambaran pemimpin gaya politik Sengkuni ingkang kejem. Pejabat ingkang *nyengkuni* panci tumindak sekecanipun piyambak. Boten amanat kaliyan rakyat. Boten sadhar bilih sedaya sarana ingkang dipunagem menika asalipun saking rakyat. Pramila panganggit nandhesaken salebeting gatra */penjahat karo pejabat pancen tipis bedane/*. Boten perduli tumrap kawigatosaning rakyat ingkang mbetahaken pitulungan.

2) Pemimpin Sejati

Salebeting pirembagan kuwasa, sejatosipun pemimpin kaandharaken salebeting geguritan kanthi irah-irahan *Pemimpin* ingkang katingal salebeting pethilan data ing ngandhap menika.

(3) *Pimpinan kuwe dudu barang sepele
ragad ngranggeh tahta ora pere-pere
gedhene laka padhane*

***Pimpinan kuwe dadi panutan
aja nganti diatur bawahan***

Sifate bawahan diatur atasan

kudu nurut apa jare atasan

*Bawahan salah, kur kure dimutasi
banter-banter dinonjob
mengko gen jabatane dibalekna*

*Sejen nek atasan dinonjob
jabatane putes, apes pisan dikunjara*

*Dadia pimpinan sing **tegas** dudu angas
dadia pimpinan sing ditresnani
dudu diseneni*

(Republik Tegal, 2018: 18)

Pethilan geguritan ing nginggil nggambaraken sejatosipun pimpinan. Panganggit ngandharaken pitutur utawi pepeling tumrap panguwasa. Pimpinan kalebet jabatan ingkang boten sepele. Anggenipun nggayuh kuwasa supados dados pimpinan boten gampang. Sejatosipun pimpinan inggih menika dados panutan bawahan. Panganggit ngandharaken supados dados pemimpin ingkang ngatos-atos, sampun ngantos dipunatur dening bawahan. Menawi pemimpin lepat, bakal dipunpecat. Jabatanipun mandheg, lajeng bakal dipunkunjara. Satunggaling pangajab masarakat tumrap pimpinan inggih menika ngayomi.

Gegayutan kaliyan andharan ing nginggil, panganggit njumbuhaken kaliyan konsep pemimpin Semar. Semar dados pralambang pimpinan masarakat Jawa ingkang dipuntresnani rakyat. Kadosta andharan saking Endraswara (2014: 202) bilih Semar minangka pemimpin ingkang resik, santun, saha tegas. Piyambakipun minangka pamomong para satriya. Gambaran pimpinan kanthi gaya politik Semar ingkang dipunwedharaken panganggit inggih menika ingkang seged dados panuntun tumrap bawahanipun saha tegas anggenipun mendhet satunggali kabijakan.

b. Konflik Politik

Kahanan perkawis sosiopolitik kultural boten uwal saking konflik. Setiadi dan Kolip (2015: 345) ngandharaken bilih konflik kalebet gejala sosial ingkang kedadosan salebeting pagesangan masarakat. Konflik tansah wonten selebeting papan saha wekdal tartamtu, ing pundi saha kapan kemawon. Konflik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* namung kapanggihaken wujud konflik negatif ingkang dipunandharaken ing ngandhap menika.

1) Konflik Politik Negatif

Konflik politik negatif ingkang kawrat salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* nggambaraken kedadosan nalika jaman gumregut revolusi sosial ing jaman kamardikan Indonesia. Perkawis menika kawrat salebeting geguritan kanthi irah-irahan *Lenggaong* ingkang katingan ing data ngandhap menika.

(4) *Aran sing diwedeni, sing disengit
mung bae akeh seneng
lenggaong sing gawe oyage revolusi sosial
pamong praja kocar-kacir akeh sing godras getih
sabagja-bagjane didhongbreng mubeng kota*

*Arang sing diwedeni, disengit
mung bae akeh sing seneng
sing wani nglawan maring pamong praja korup
sing nindhas rakyat
ora sapa ora sapa
lenggaong laka wedine mateni atawa ngrampok
dhuwite wong sing onggrongan pendirangan
tapike ora nggo dhewek
dibagi nggo rakyat sing mlarate nggendhong penjaratan
mlarat jirat*

*ora duwe bandha
duwene penjaratan
kaya robin hud
kaya maling aguna
mbuh bae
...*

(Republik Tegal, 2018: 6)

Pethilan data ing nginggil nedahaken kawontenan konflik politik negatif antawisipun rakyat kaliyan panguwasa. *Lenggaong* dados tokoh saking pihak rakyat ingkang asung pambela tumrap rakyat. Gambaran kedadosan revolusi tiga dhaerah wonten ing Karesidenan Pekalongan nedahaken kasunyatan kahanan sosiopolitik ingkang dipunbabaraken panganggit. *Lenggaong* dipunsebataken salebeting geguritan minangka bandhit-bandhit ingkang mengsah para pejabat korup saking pejabat desa, wedana, bupati ingkang mbela Walandi. Tumindak degsiya *Lenggaong* menika ngewrat ancas mujudaken pagesangan tiyang alit ingkang makmur. *Lenggaong* ngrampas bandha para panguwasa boten kangge korupsi, nanging kangge rakyat ingkang nandang sengsara.

Tokoh *Lenggaong* jumbuh kaliyan kepemimpinan Jawa politik gaya Semar ingkang tegas saha paring pambela tumrap rakyat. Sanadyan Semar gadhah sipat santun saha alus, nanging Semar tegas sanget anggenipun mbrastha kamurkan tumrap para priyantun ingkang tumindak degsiya. Semar wonten ing jagad pewayangan Jawa panci sanes saking kalangan satriya. Semar menika abdinipun para satriya. Pramila, sanadyan *Lenggaong* ngginakaken tumindak degsiya kangge mbrastha kamurkan, piyambakipun gadhah sipat tresna asih tumrap masarakat.

c. Demokrasi Politik

Loebis (Sudewa dan Teguh, 2018:403) ngandharaken budaya demokrasi inggih menika olah penggalih, olah patrap, saha cara tumindak warga masarakat ingkang jumbuh kaliyan nilai-nilai kamardikan, sasami, kanthi ngunggulaken pasedherekan antawisipun manungsa kanthi titikan tepa slira, sami pitados, ngajeni tumrap maneka jinising manungsa, sami drajatipun, saha *kompromi*. Nanging, sadhar utawi boten sadhar bilih demokrasi negara kita kebak kaliyan topeng. Demokrasi ingkang sejatosipun dados sistem politik ingkang ngayomi saha ngayemi tumrap rakyat namung dados gegayuhan masarakat ingkang tebih saking teoretis saha cak-cakanipun ing kasunyatan. Andharan perkawis demoktrasi politik ingkang kawrat salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*an dipunjumbuhaken kaliyan titikan demokrasi. Salebeting geguritan, demokrasi dipunandharaken kanthi kedadosan pemilu saha demonstrasi.

1) Pemilu

Salah satunggaling titikan demokrasi inggih menika dipunwontenaken pamilihan umum. Pamilihan umum prayoginipun majengaken patrap langsung, umum, bebas, saha wadi. Nanging, kahanan demokrasi masarakat nalika badhe nglampahi pemilu boten jumbuh kaliyan wigatosipun pemilu. Politik gaya Sengkuni saha gaya Semar ngrembaga sanget nalika pemilu.

Salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*an, perkawis kedadosan ngengingi pemilu kathah dipungambaraken dening panganggit. Temuan data ngengingi perkawis pemilu kanthi ngajab satunggaling calon pemimpin ingkang

majengaken konsep politik Semar kawrat salebeting geguritan *Sajak Karijan Nyalon Dewan*. Temuan menika katitik salebeting data ing ngandhap menika.

- (5) *Wis dadi kebiasaan
saben limang taun sepisan mesthi
ana pemilihan umum
milih anggota dewan sing bakale
dadi perwakilan rakyat
mulane aja padha eram
angger ujug-ujug akeh politisi dadakan
...*

*Wa Kaji Mukri sing dhongene ora pan urusan
akhire melu nimbrung omongan
mesthine kowen kabeh padha njaluk muji syukur
esih ana kancane dhewek sing gelem pedhuli
nyalon dewan
kuwe taaah nganggo dhuwit warisan
mbuh nganggo dhuwit menang totohan
**sing jelas Karijan dhuwe niat kepengin
mbela rakyat eben ning taun-taun ngarep
uripe ora padha kecingkrangan**
Sing apik saik bareng dedonga
**muga-mugaha Karijan dadi anggota dewan
digawea dadi dewan
muga-mugaha ora pecicilan
ora clamitan
ora korupsi
ora onggrongan lan
ora doyan nilep anggaran***

(Republik Tegal, 2018:84)

Pethilan geguritan ing nginggil nedahaken kahanan pahargyan demokrasi ingkang kalampahan ing madyaning masarakat. Saben gangsal taun, masarakat nglampahi pamilihan umum (pemilu) kangge milih anggota dewan perwakilan rakyat. Kahanan pemilu adatipun ugi kathah politisi ndadakan. Kasunyatan pagesangan dipungambaraken panganggit salebeting geguritan kanthi nyariosaken pasrawungan masarakat ingkang wigatos sanget anggenipun nemtokaken calon wakil rakyat. Pramila pirembagan pagesangan ing antawisipun tokoh *Man Karto*,

Yu Sarijem, saha *Wa Kaji Mukri* ingkang kaandharaken ing geguritan ngrembag perkawis politik.

Tokoh *Karijan* minangka calon dewan ingkang kacariyosaken dening panganggit nuwuhaken pamawas masarakat tumrap piyambakipun. Kasunyatan nedahaken wonten priyantun ingkang gadhah pamawas sae tumrap calon dewan ingkang badhe majeng pemilu, nanging wonten ugi masarakat ingkang gadhah pamawas awon tumrap calon dewan. Kanthi maneka pamawas masarakat menika, tamtu masarakat gadhah pangajab calon dewan ingkang jumbuh kaliyan politik cara Semar. Tokoh *Karijan* (calon dewan) ingkang dipunwedharaken dening *Wa Kaji Mukri* dipuncariyosaken bilih majengipun dados calon amargi gadhah niat paring pambela tumrap rakyat.

Menawi dipunandharaken kanthi pamawas politik Semar, calon dewan ingkang dados pangayom rakyat tamtu dados satunggaling gegayuhan ingkang dipunajab dening masarakat. Masarakat panci boten remen kaliyan pemimpin politik gaya Sengkuni ingkang asipat julig saha edan kuwasa. Pramila, panganggit nandhesaken kanthi pangajab *Karijan* menawi dados anggota dewan boten tumindak julig saha serakah anggenipun nglenggahi kuwasa.

Sanesipun wedharan ing nginggil, kasunyatan pagesangan politik ingkang jumbuh kaliyan politik kapemimpinan gaya Sengkuni ugi dados gambaran lelampahaning pahargyan demokrasi masarakat. Politik cara Sengkuni ingkang gadhah sipat julig kagambaraken salebeting geguritan *Apa Iya* saha *Kajogan*. Kahanan pemilu ndamel saperangan tiyang raos begja saha saperangan tiyang ugi

ngraosaken kuciwa kaandharaken ing pethilan geguritan *Kajogan* ing ngandhap menika.

- (6) *Srengenge **rongewu sanga** sedelat maning kanclep
kabeh pristiwa sing kliwat dilempit dadi sejarahe
pait manise kenangan mung kari dadi crita
kekubur sanjero dhadha*

*Rongewu sanga bener-bener ora dinyana
bakal dadi crita sing gawe gela
pirang-pirang lelakon urip sing kaniaya
daning pangira sing ora tau nyata*

...

*Ora sethithik sing ngalami berag
akeh uga sing ngranapi tatu krasa kajogan
kajogan merga kabeh sing wis direncana ora katemahan
kajogan wis mbagi dhuwit sawaring
tapi ora dadi gubernur
**kajogan wis mbagi sembako ning
ora dadi walikota
kajogan wis nyebar dunya ning
gagal dadi bupati
kajogan wis mbagi amplop ning
ora kepilih dadi dewan
kajogan, bisane mung kajogan***

(Republik Tegal, 2018: 87)

Kahanan pemilu ingkang kaandharaken ing pethilan geguritan ing nginggil nggambaraken gambaran kasunyatan pemilu 2009. Sedaya cariyos pemilu 2009 dados sejarah masarakat minangka perangan ingkang dados panyengkuyung pemilu. Taun 2009 dados cariyos priyantun ingkang raos kuciwa tumrap satunggaling gegayuhan ingkang boten dados kasunyatan. Boten sekedhik ugi ingkang raos seneng, boten kathah ugi ingkang raos kuciwa. Kuciwa amargi nate nglampahi praktek *pyur-pyur* mbagi arta kangge kaperluan politik.

Politik Sengkuni ingkang ngginakaken cara *julig* lumantar praket *politik uang* kababaraken salebeting geguritan ing nginggil. Sanadyan politik Sengkuni

saged damel kuciwaning priyantun ingkang nate nglampahi, nanging ing kasunyatan, politik Sengkuni panci dados karemenaning saperangan bakal calon politik ingkang majeng. Raos kuciwa sampun mbagi sembako nanging boten dados walikota. Raos kuciwa mpun nyebar bandha nanging gagal dados bupati. Raos kuciwa sampun mbagi amplop nanging boten kapilih dados dewan. Sanadyan saperangan tiyang bakal kuciwa nalika nglampahi praktek politik Sengkuni, nanging ing kasunyatan, bakal calon ingkang *nyengkuni* nalika pemilu taksih kathah. Urusan kuciwa kentun dipungalih. Ingkang dados kautaman inggih menika saged majeng pemilu saha pikantuk swara ingkang kathah.

Kasunyatan demokrasi politik gaya Sengkuni ugi kawrat salebeting geguritan *Iwak Sontong Diwadhahi Ketel, Aja Pilih Sing Gedubragan, Itung-itung Ngrungokna Radio, saha Taun Politik*. Kasunyatan pagesangan ngengingi kedadosan pemilu dipunwakili kanthi gatra ingkang kawrat salebeting geguritan *Iwak Sontong Diwadhahi Ketel* ing ngandhap menika.

(7) *Biyen pedami kowen mrekeca*
ngedebus nang nduwur panggung
ndhukung nyong sedulur
ora wurung bakale dusun kiye makmur
got-got mampet bakal lancar
runtah-runtah bakal ora njeprah

Jebul sejatine sampeyan mung kembang lambe
manis janjine
pait nyatane
gedhe gorohe
primen rika dhonge?

...

(Republik Tegal, 2018: 53)

Kasunyatan pagesangan ngengingi pemilu kagambaraken salebeting geguritan ing ngginggil. Pasemon tumrap kahananing pemilu ingkang nyariosaken kahanan calon wakil politik sami ngumbar janji nalika *promosi* ing madyaning masarakat. Cak-cakan menika nedahaken bilih politik cara Sengkuni panci kebak janji manis. Ngumbar janji bakal mujudaken kamakmuraning masarakat. Got-got bakal lancar. Perkawis sampah bakal tuntas. Nanging, menapa ingkang sampun dados janji tumrap masarakat namung dados pangajab ingkang boten jumbuh kaliyan kasunyatan kemawon. Politik gaya Sengkuni pancen ngremenaken, nanging dados kapitunaning bebrayan agung.

Budaya politik Sengkuni ugi majengaken raos umuk. Salebeting pahargyan demokrasi masarakat, saben calon politisi ngunggulaken kadigdayanipun piyambak-piyambak. Perkawis menika katingal salebeting data *J Vs P* ing ngandhap menika.

- (8) ***“Cé bong uteké kwalik”, ngromèd Kamprèt karo ngobral ayat-ayat dokrin “Kamprèt sumbu tugel” tangkis Cé bong karo ngulas filsafat budayané***

*Cé bong karo Kamprèt
pada-pada sedulur
pada uripé neng tlatah negri kiyé
pada baé bendérané abang putih
Gara-gara séjén pilihan
apa kudu pedot jakwirané
dadi ora ngopi bareng*

...

(Republik Tegal, 2018: 75)

Pethilan data geguritan *J Vs P* ing ngginggil nyariosaken kasunyatan wonten ing pahargyan demokrasi ing warsa 2019. Geguritan menika gambaran gumuruhing masarakat salebeting pemilu ingkang boten winates. *Cebong*

minangkang sebatan kangge calon saha panyengkuyung kubu Jokowi. Wondene *kampret* sebatan kangge calon saha panyengkuyung kubu Prabowo. Sebatan *cebong* saha *kampret* dipunginakaken kanthi kaperluan sami nacad, ngina, saha mbabar kadigdayanipun bakal calon ingkang dipunmajengaken.

Kedadosan ingkang dipuncariyosaken salebeting geguritan ing nginggil nedahaken bilih padudon antawisipun masarakat salebeting pemilu dipunsebabaken amargi raos umuk saking panyengkuyung saben-saben bakal calon pemimpin. Katingal politik Sengkuni salebeting pahargyan demokrasi ngrembaka sanget kanthi ngumbar kadigdayanipun calon ingkang majeng. Raos umuk boten dipunlirwakaken anggenipun narik kawigatosaning swara masarakat. Politik Sengkuni panci wasis sanget salebeting olah basa. Masarakat saged kagodha kaliyan cara Sengkuni micara. Ewa dene ingkang dipunkajengaken dening Sengkuni, sejatosipun namung kekajengan edan kuwasa politik.

2) Demonstrasi

Demokrasi politik salajengipun ingkang kapanggihaken salebeting geguritan *Republik Tegal* inggih menika wujud kabebasan masarakat anggenipun medharaken pamanggih. Demokrasi politik menika kawujud wontenipun demonstrasi ingkang kawrat salebeting geguritan kanthi irah-irahan *Nging* kanthi andharan ing ngandhap menika.

(9) *Ngingngingngingngingnging
bisane monine ora ngang
atawa ngung
apa maning ngong
sing sjen karo ngeng
yaaa mbuuuh ya!*

*Nging, gara-gara gemiyen
kedebag-kedebug demo reformasi
wuda sempakan mlayu-mlayu
muteri alun-alun ngromed puisi
dipabag polisi karo abri*

*Bek bek beg deg
digebug-gebugi bedhil
tangane enyong nangkis dadi sempol
untune enyong rompol
kupinge enyong mili getih
nyong mlayu gloyoran*

...

(Republik Tegal, 2018: 72)

Pethilan data geguritan ing nginggil nggambaraken sejarah demokrasi Indonesia. Kahanan demonstrasi prayoginipun dipunsaruwe kanthi cara ingkang langkung santun. Nanging, wonten ing jaman tuntutan reformasi, demokrasi dipunsaruwe polisi kanthi tumindak ingkang kejem. Sastrawan ingkang nyuwantenaken *puisi* kedah rila saha narima tumindak degsiya. Kabebasan seni ingkang medharaken babagan politik dados winates. Menika nedahaken mangsa pemimpin Semar ingkang ngagem busana Sengkuni. Kejayaan pimpinan Presidhen Soeharto ingkang nglenggahi jabatan rikala jaman Orde Baru boten jumbuh kaliyan konsep pimpinan Semar ingkang adil saha wicaksana. Semar ingkang dipunginakaken Soeharto awujud Semar ingkang salah kaprah.

Kahanan makaten nedahaken bilih demokrasi panci tansah mbingungaken. Jumbuh kaliyan seratanipun Suaka (Sudewa dan Teguh, 2018: 155) bilih tumuju reformasi, budaya demokrasi dipunginakaken kangge nglanggengaken pamrentah. Kabebasan seni ugi winates. Sipat *nyengkuni* ingkang kejem tuwuh salebeting sejarah reformasi. Nglilakaken cara menapa kemawon supados saged ngluhuraken kalenggahan kuwasa.

d. Korupsi

Korupsi salebeting geguritan tansah ngrembaka. Ngrembag babagan korupsi boten bakal nutupi perkawis korupsi ingkang tansaya sumrambah. Pramila, para Sastrawan boten mandheg anggenipun medharaken pasemon tumrap reriptan sastra. Perkawis menika jumbuh kaliyan panaliten ingkang katindakaken dening Ulya, Wardani, dan Mujiyanto (2016: 207) bilih satunggaling geguritan boten uwal saking panyengkuyung saking jawi saha lebetipun. Vos sosiopolitik asring dipundadosaken sarana pasemon tumrap perkawis kamanungsa ingkang dipunraosaken. Salebeting pirembagan menika, antologi geguritan *Republik Tegal* ngewrat patrap nulak tumrap tumindak korupsi saha kasunyatan kedadosan korupsi ingkang kaajab saged nuwuhaken kasadharan tumrap para koruptor.

1) Nulak Tumindak Korupsi

Wujud nulak tumindak korupsi kawrat salebeting geguritan kanthi irah-irahan *Kelingan, Pan Dadi Apa*, saha *Kumyah-kumyah*. Wondene pirembaganipun badhe kaandharaken salebeting geguritan *Kumyah-kumyah* ing ngandhap menika.

(10) ***Kumyah-kumyah
sing mlebu weteng kudu genah
aja aspal ludhekan
aja beras pliridan
aja bensin oplosan
aja lenga kolehan
aja amplop kebrangas***

*eling anak bojo
weling wong tuwa
“Urip kuwe URIP... dudu mung
‘nggancrit...kapicirit’....”*

(Republik Tegal, 2018: 36)

Pethilan data geguritan ing nginggil nggambaraken pasemon supados masarakat mliginipun pejabat kedah nebihaken tumindak korupsi. Pikantukipun sumber pangan kedah cetha. Sampun ngantos saking asil proyek margi, wos pliridan, bensin, minyak, saha amplop ingkang boten dipunginakaken kangge hak pribadi. Eling bilih tumindak korupsi saged ndamel kapitunan tiyang sanes, menapa malih kulawarga. Pramila, budaya Jawa ingkang dipuntuwuhaken panganggit supados pamaos tansah ngajengaken patrap waspada jumbuh konsep politik Semar ingkang tansah ngatos-atos anggenipun tumindak. Jumbuh kaliyan patrap budaya Jawa inggih menika tansah *eling lan waspada*.

2) Kedadosan Tumindak Korupsi

Kedadosan korupsi salebeting kasusastran jumbuh kaliyan panalitenipun Supratman (2014: 12) bilih korupsi kalebet penyakit sosial ingkang mbebayani. Nanging korupsi kalebet kejahatan ingkang sampun kulina. Kedadosan tumindak korupsi salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* katingal salebeting geguritan *Lenggaong, Kipit Kipit Kepot, Sing Tak Enteni Pemimpin Anyar, Paceklik, Wal Wal Kedual, Goroh, saha Operasi Basa-Basi*. Salebeting geguritan-geguritan kasebat, ngewrat pasemon tumrap tumindak para koruptor. Wondene andharanipun kadosta salebeting geguritan *Paceklik* ing ngandhap menika.

- (11) *Jaman paceklik wong-wong uripe padha ngawur
ora nganggo aturan, nabrak-nabrak
sing penting bisa urip makmur
ora ndeleng apa-apa
ora ndeleng sapa-sapa
jabatan dhuwur malah nggo kesempatan numpuk dhuwit*

nggo kabegjane dhewek
dhuwit rakyat kanggo bancakan
wong pinter agama ana kur nggo tameng
ora nuturi wong-wong sing padha ngempira
dheweke malah uripe ngawur

(Republik Tegal, 2018: 98)

Pethilan pada geguritan ing nginggil nggambaraken pasemon tumrap pejabat ingkang nglampahi tumindak korupsi. Tumindak korupsi katitik saking lepatipun ngginakaken jabatan kanthi numpuk arta kangge kabetahan piyambak. geguritan kasebat dados gambaran pagesangan manungsa ingkang serba kecingkrangan, satemah boten jumbuh kaliyan aturan agami. Sanadyan pejabat wasis salebeting perkawis agami, agami dipunginakaken kangge *tameng*. Menika kalebet wujud pasemon panganggit tumrap patrap pejabat ingkang boten perduli kaliyan rakyat, satemah ngginakaken jabatanipun kangge kabegjan pribadi.

Patrap pejabat ingkang kaandharaken salebeting geguritan jumbuh kaliyan sipat politik Sengkuni ingkang serakah. Pejabat ingkang *nyengkuni* tansah majengaken kapribaden korup. Pejabat gaya Sengkuni boten perduli tumrap kahanan tiyang sanes. Sami kaliyan pejabat jaman samenika ingkang ngagem topeng, celathunipun boten jumbuh kaliyan tumindakipun.

Boten namung pejabat kemawon ingkang gadhah pribadi korup. Polisi ingkang prayoginipun dados pamomong kadosta kapribadenipun Semar, sampun uwal saking jejibahanipun. Perkawis kasebat katingal salebeting geguritan *Operasi Basa-basi* kanthi pethilan data ing ngandhap menika.

(12) *Mbuh lah*
wong-wong ya kadhang ora tertib aturan
nganggo motor ora lengkap surat-surate

*nganggo motor sering klalen karo keslametane
—endas gundul ora nganggo helm
tapi polisine kadhangkala ya semrawud
oprasi kadhang seenake wudel
asal tilang asal cekel
sing akhir-akhire UUD: ujung-ujunge dhuwit*

(Republik Tegal, 2018: 117)

Kedadosan nerak aturan lalu lintas sampun dados kaumuman wonten ing masarakat. Kahanan menika nedahaken bilih geguritan boten tebih saking wosing pagesangan sosio budayanipun. Nanging, pamawas masarakat tumrap kawontenan *tilangan* boten uwal saking tumindak korupsi Polisi. Pramila, panganggit ngandharaken kanthi pasemon /*sing akhir UUD: ujung-ujung dhuwit*/. Polisi ingkang gadhah jejibahan mujudaken keadilan masarakat, samenika sampun geseh. Polisi ingkang sipatipun Sengkuni ugi kagambaraken wonten ing masarakat. Operasi polisi dipunbabar, asal tilang asal cekel. Pramila jiwa serakah polisi kanthi cara Sengkuni katingal nalika wonten pirembagan salebeting kedadosan tilangan.

2. Wujud Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan Republik Tegal

Pirembagan ngengingi wujud nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* dipunrembag saha dipunandharaken kanthi tigang pilar aspek profetik inggih menika (1) nilai *transendensi* (kapitadosan tumrap Gusti Allah); (2) nilai *humanisasi* (gadhah sipat kamanungsan); saha (3) nilai *liberasi* (kamardikan pagesangan). Andharan menika nedahaken salebeting *religiusitas* wonten perangan-perangan nilai ingkang saged dipunginakaken salebeting pagesangan. Nilai-nilai ingkang kapanggihaken menika dados piwulang kangge

pagesanganing manungsa. Dene pirembagan ngengingi nilai profetik dipunwedharaken ing ngandhap menika.

a. Nilai *Transendesi*

Menapa ingkang sampun dipunrembag wonten ing nginggil, nilai profetik dipunwujudaken salebeting aspek *transdensi* inggih menika babagan ingkang nglantaraken manungsa perkawis sesambetanipun kaliyan Gusti Allah. Wonten aspek menika nglantaraken manungsa supados tansah nyaket dhateng Gusti Allah kanthi ningkataken kapitadosanipun tumrap Gusti Allah, kathah anggenipun ngibadah, saha nglampahi tumindak kesaenan. Kadosta ingkang sampun kaandharaken dening Kuntowijoyo (2006: 23) bilih *transenden* menika awujud *sufisme*. Wosing *sufisme* kadosta *khauf* (raos jirih), *raja'* (gadhah pangajeng), tawakkal (pasrah), *qana'ah* (nampi pinaringapun Gusti Allah), sokur, ikhlas, saha sanesipun.

1) Pepeling Pejah

Sedaya manungsa wonten ing alam donya bakal wangsul malih dhateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos, pramila wonten ing masarakat Jawi dipunsebataken bilih hakikatipun pejah inggih menika *mulih*. Menapadene kawrat wonten ing falsafah pagesanganipun masarakat Jawi *sangkan paraning dumadi*. Ancas pungkasan pagesanganing manungsa inggih menika Gusti Allah. Pejah inggih menika satunggaling kedadosan alamiyah, amargi pejahipun manungsa bakal kedadosan kanthi makaping-kaping kanthi *objek* inggih menika manungsa.

Kanthi perkawis kasebat, antologi geguritan *Republik Tegal* nggadhahi tiga geguritan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan perkawis supados manungsa eling tumrap pejah. Ing antawisipun inggih menika geguritan kanthi irah-irahan *Pan Dadi Apa saha Kowen Milih Lagune Apa*. Adhedhasar geguritan kanthi irah-irahan *Pan Dadi Apa*, panganggit nggambaraken menawi manungsa badhe dados menapa, boten usah kathah nglampahi angkara murka. Panganggit nggambaraken pasemon tumrap para koruptor ingkang tumindak awon wonten ing alam donya. Gatra salebeting geguritan dados pepeling bilih manungsa ingkang tumindak awon bakal dipunadili ing donya saha akherat. Prayoginipun para koruptor sami sadhar bilih kalepatanipun bakal dipunbekta boten namung ing donya, nanging ugi wonten akherat samangke. Menapadene ingkang dipungambaraken wonten ing pada ngandhap menika.

(13) *Padha onggrongan padha klalen kaya ninggal lewa
toli kaya kuwe nganti kowen **padha kejblos nang kuburan**
aja kaya kuwe, mbesuk kowen ngarti beleh
adong sing kaya kuwe padha bae kendhat
pan njegur geni mulad-mulad mbarengi klabang geni rate geni
segurunge maring neraka dilandrat toli manjing bui*

...

(*Republik Tegal*, 2018: 5)

Pepeling bilih bakal wonten gesang salajengipun sasampunipun gesang ing alam donya. Sedaya manungsa bakal mlebet wonten ing alam kubur. Panganggit mbabaraken pitutur bilih tumindak korupsi sami mawon nglampahi “*kendhat*” utawi bunuh dhiri. Bunuh dhiri mlebet wonten neraka ingkang kebak segara geni. Kahanan makaten dipunelingaken Gusti Allah lumantar ayat Al Quran wonten surat Al Anbiya: 34 ingkang tegesipun:

“Gusti Pangeran boten ndadosaken gesang salamiya tumrap manungsa saderengipun sira (Muhammad).”

Saking ayat kasebat, gamblang sanget bilih gesang menika namung sawetawis kemawon. Upami tiyang gesang kadosta tiyang ingkang ngombe. Wonten pada pungkasan, panganggit nandhesaken wonten gatra */urip mung sapisan kudune ben urip mbarengi kembang/* bilih gesangipun manungsa namung sepisan kemawon. Salaminipun manungsa dipunparingi kalodhangan supados nglampahi tumindak kesaenan, pramila manungsa tansah ngatos-atos anggenipun nglampahi pagesangan.

2) Tansah Dedonga

Dedonga inggih menika perangan agami minangka kagiyatan ngibadah dhateng Gusti Allah. Dedonga dados sarana sesambetan *transendental* antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah. Sanesipun, dedonga ugi dados sarana medharaken jiwa *spiritual* masarakat. Imam Al Khathabi wonten ing kitabipun, Sya’nud Du’a, ngandharaken bilih donga inggih menika pangajabipun bantuan saking hamba dhateng Gusti Allah kanthi nedahaken kafakiran tumrap Pangeran saha mardikakaken dhiri saking kapitadosan wontenipun kakiyatan sanesipun Allah. Kanthi dedonga, manungsa tansah saged ngraosaken endahipun muji Gusti Allah saha sadhar tumrap pawehanipun.

Saking andharan ing nginggil, dedonga saged dipuntegesi minangka wujud *transenden* anggenipun manungsa nyuwun pangampunaning Gusti Allah. Donga dados sarana *mahabbah* satunggaling hamba ingkang nedahaken bilih manungsa minangka makhluk ingkang alit saha mbetahaken Allah. Dene dzikir inggih

menika wujud sarana pepeling tumrap Gusti Allah. Wonten antologi geguritan *Republik Tegal*an dipungambaraken wigatosipun dedonga saha dzikir minangka sarana panghubung manungsa tumrap Gusti Allah kawrat wonten geguritan kanthi irah-irahan *Sing Tak Enteni Pemimpin Anyar, Sajak Karijan Nyalon Dewan*, saha *Udan Salah Mangsa*.

Minangka gambaran, geguritan *Sajak Karijan Nyalon Dewan* katitik dedonga minangka satunggaling sarana medharaken *ekspresi* kabetahanipun manungsa tumrap Gusti Allah tumrap perkawis menapa kemawon. Menika kawrat wonten gatra

(14) ...*sing apik saiki bareng **dedonga***
muga-mugaha Karijan dadi anggota dewan
digawea anggota dewan
muga-mugaha ora pecicilan

(*Republik Tegal*an, 2018: 85)

Wonten gatra menika ngewrat pangajak dedonga ingkang dipuntujukaken tumrap para anggota dewan. Panganggit nggambaraken bilih donga mujudaken pasrah sumarah tumrap kahanan ing alam donya dhateng Gusti Allah Swt ingkang sampun nyipta manungsa. Dedonga wonten geguritan menika ugi dipungambaraken minangka kagiyatan ingkang sae, tinimbang manungsa nglampahi kagiyatan ingkang boten mupangat. Amargi dedonga kalebet satunggaling tumindak ngibdah ingkang mulya ing sisihipun Gusti Allah.

Dedonga kalebet ajaran profetis kadosta ingkang kawedharaken dening Hadi WM (2004: 25) ingkang ngandharaken Nabi paring pitutur bilih sedaya ing alam donya inggih menika mesjid, pramila para panganggit boten mandheg anggenipun nyuwantenaken dedonga tumrap alam semesta. Ancas makaten inggih

menika kangge nebihaken pangripta saha pamaos saking raos *keakuan* saha *egosentrisme*. *Profetisme* saking sesambetan antawisipun manungsa kaliyan Gusti Allah ingkang kawedharaken salebeting geguritan nedahaken bilih sastra profetik mujudaken alam donya salebeting kesadharan saha mental manungsa, donya kajiwan, saha donya ruhipun. Amargi ewah-ewahanipun menungsa dipunwujudaken saking raos kesadharanipun manungsa tumrap patrap ingkang sampun dipunlampahi.

3) Tansah Dzikir

Dzikir kalebet sarana supados tansah eling dhateng Gusti Allah. Jumbuh kaliyan titikan ingkang dipunandharaken Roqib (2011: 79) bilih titikan *transendensi* nglampahi upaya nyaket tumrap Gusti Allah. Salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*an kapanggihaken wonten ing geguritan *Udan Salah Mangsa* saha *Paceklik*. Gambaran *transendensi* tansah dzikir dipunandharaken wonten data geguritan *Paceklik* ing ngandhap menika.

- (15) *Ning jaman paceklik urip padha priyatin ndidik bocah
kaluwargane nganggo dalan agama
ben ngerti ngelmu surasa
Jaman paceklik
yuh padha sregep **dzikire** maring Gusti Allah
eling-pengeling maring sedulur ben urip berkah
ora kebendu
...*

(Republik Tegal, 2018: 98)

Data ing nginggil nedahaken pangajak supados tansah dzikir. Dzikir dados sarana supados tansah eling tumrap ingkang ndamel gesang. Ancas dzikir

kaandharaken dening panganggit supados gesangipun tansah berkah, supados tebih saking bebendu.

4) Kapitadosan tumrap Wujud Kuwasaning Gusti Allah

Kapitadosan tumrap kuwasanipun Allah awujud pagesangan wonten papan salajengipun sasampunipun manungsa dipunwujudaken kanthi wontenipun suwarga saha neraka. Kapitadosan tumrap sedaya kahanan wonten ing alam minangka kuwasanipun Allah inggih menika perangan saking Iman. Sedaya samukawis wonten ing bumi, boten uwal saking kuwasanipun Gusti Allah.

Gegayutan kaliyan pirembagan menika, antologi geguritan *Republik Tegal* nggambaraken wujud kapitadosan kuwasanipun Allah wonten ing geguritan kanthi irah-irahan *Istighosah Nggo Pejabat Sing Mateni Hapene saha Cemlorote Lintang nang Ndhuwur Penjaratan*. Saking geguritan kasebat, wonten wujud kuwasanipun Gusti Allah ingkang dipungambaraken wonten salah satunggaling geguritan ingkang dados gegambaranipun Gusti Allah ing ngandhap menika.

(16) *tapi sing jelas gedhé bédané nar karo nur*
kepala désa karo kepala dosa
*pan nang **sorga** apa pan nang **neraka***
...

(*Republik Tegal*, 2018: 28)

Pethilan gatra geguritan ing nginggil nggambaraken wontenipun suwarga saha neraka minangka wujud Iman tumrap dinten akhir. Suwarga saha neraka ingkang dipunandharaken wonten ing kitab Al Quran, dados wujud hadhiah

tumrap manungsa ingkang nglampahi pagesangan wonten ing alam donya. Suwarga tumrap tiyang Jawi dipun-konsepsi minangka kayangan papanipun Bathara Guru utawi alam akherat papanipun jiwa manungsa nggayuh kaendahan saha kabingahan ingkang dados piwales tumrap sedaya patrap ingkang dipunlampahi wonten ing donya. Sewalikipun, neraka (nar) dados papan ingkang ngegirisi dipuncawisaken tumrap manungsa ingkang nglampahi tumindak dur angkara wonten ing alam donya.

Gegambaraning panganggit anggenipun mbedakaken antawisipun suwarga saha neraka dados pepeling tumrap pamaos supados saged milih pundi papan ingkang dipunajab. Pramila, anggenipun tumindak wonten ing alam donya kedah ngatos-atos supados samangke dipunpapanaken jumbuh kaliyan amalipun.

Wujud kapitadosan tumrap kuwasaning Gusti Allah inggih menika kanthi pitados tumrap kedadosan alam kadosta awujud pindhahipun lintang namung dados wewadi Gusti Allah. Perkawis menika kawrat salebeting geguritan *Cumlorote Lintang Nang Ndhuwur Penjaratan* ing ngandhap menika.

- (17) *Kanca-kanca sakringelan padha njenggirat
mlayu maring jaba ndeleng cmlorote lintang
nang ndhuwure umah
sekal budhal maring umah dhewek-dhewek
nggawa pitakonan **kedadean lintang ngalih**
ngemu **misteri nganti** saiki durung ngerteni
firasat lintang ngalih*

...

(Republik Tegal, 2018: 50)

Data geguritan ing nginggil nggambaraken bilih kedadosan alam kadosta pindhahipun lintang boten dipunmangertosi manungsa. Menika wujud kuwasanipun Gusti Allah. Jumbuh kaliyan panaliten ingkang kaandharaken

dening Musa (2011: 189) salebeting panalitenipun ingkang irah-irahan “*Javanese Sufism and Prophetic Literature*” bilih perangan saking kasusastran Islam ingkang damel gumebyaring kasusastran Indonesia inggih menika *prophetik literature* utawi sastra profetik ingkang dipunpanggihaken dening Abdul Hadi W.M. Dhasaring perkawis sastra kenabian inggih menika *tasawuf*. Wondene pirantos sanesipun ingkang dipunwujudaken sastra profetik inggih menika mistisme, “Sufisme Jawa” saha *filosofi* abadi ingkang magepokan kaliyan pangalaman *spiritual* saha upaya manungsa anggenipun pikantuk tresnaning Gusti.

5) Tansah Tumindak Sabar

Tumindak sabar salebeting pirembagan *transendensi* dipunpendhet saking titikan nilai profetik bilih *transendental* nindakaken patrap jumbuh kaliyan Al Quran. Salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*an kapanggihaken perangan *transendensi* supados tansah tumindak sabar ingkang kawrat ing geguritan kanthi irah-irahan *Goroh* saha *Kipit Kipit Kepot*. Gambaran wosing *transendensi* awujud tumindak sabar saged katingal wonten data geguritan ing ngandhap menika.

(18) *Mangan padha segane
 turu padha ambene
 ngorok uga padha suwarane
 tapine karakter bisa sakarepe
 senajan sekolah nganti dhuwur
 ora gampang kaya wong nandur
 pancen kudu **sabar***

(*Republik Tegal*an, 2018: 113)

Data ing nginggil nedahaken supados tansah tumindak sabar. Anggenipun ngalampahi pagesangan, sabar dipunbetahaken supados boten nuwuhaken nepsu

amarah. Kanthi tumindak sabar, boten bakal nuwuhaken padudon, pasulayan, saha tumindak degsiya. Wujud *transendental* sabar kalebet patrap *ihsan* minangka wujud saking kapitadosan tumrap Gusti.

b. Nilai *Humanisasi*

Salebeting Islam, *konsep humanisme* langkung kathah tumuju dhateng Al Quran. Lumantar *persepektif* Islam, sejatosipun boten wonten antawisipun Gusti Allah kaliyan manungsa. Ananging ingkang damel pamisahipun inggih menika manungsa minangka makhluk ingkang dipunciptakaken dening Gusti Allah. Pramila, *humanisasi* panci wigatos sanget dipunrembag. Menapa dene Efendi (2012: 77) wonten *artikel*-pun ngandharakem prelunipun *humanisasi* amargi wonten tandha-tandha bilih masarakat nembe tumuju arah *dehumanisasi*. Ing pundi patrapipun manungsa dipunkuwasani alam bawah sadharipun tinimbang kasadharanipun. Gegayutan kaliyan pirembagan kasebat, wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken pirembagan topik-topik ngengingi pilar *humanisasi* salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*an.

1) Njagi Pasedherekan

Rasulullah Saw. nate ndamel gegambaran endah ngengingi pasedherekan antawisipun priyantun Islam. Panjenenganipun nggambaraken bilih pasedherekan salebeting tali kaislaman kadosta satunggal badan. Salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*an, njagi pasedherekan dipunwujudaken wonten geguritan kanthi irah-irahan *Kalingan* saha *J Vs P*. Wonten geguritan kasebat, ngupaya anggenipun mujudaken pasedherekan ingkang wetah. Njagi pasedherekan dados perangan

saking tumindak kesaenan kanthi landhesan *hablun minannas* dipun-*realisasi* tumrap pribadinipun manungsa ingkang awujud lelumban tumrap kasaenan. Pirembagan makaten, dipungambaraken dening panganggit kadosta wonten pethilan gatra geguritan ngandhap menika.

(19) *Cebong karo Kampret*
pada-pada sedulur
pada uripé neng tlatah negri kiye
pada bae benderane abang putih
Gara-gara sejen pilihan
apa kudu pedot jakwirane
dadi ora ngopi bareng

...

(Republik Tegal, 2018: 75)

Pethilan gatra ing nginggil nggambaraken pitakenanipun panganggit tumrap kahanan politik ingkang ndamel crahipun pasedherekan. Panganggit paring pitutur tumrap pamaos, beda pilihan politik menika perkawis ingkang limrah. Pasedherekan boten saged dipunguguraken namung jalaran pambada. Sejatosisipun, wiwit jaman Rasulullah Saw. kamardikan anggenipun milih pemimpin dados piweling panjenenganipun saderengipun seda. Kadosta ingkang dipuncariyosaken nalika jaman pamilihanipun Umar, panjenenganipun inggih menika asil saking swara masarakat ingkang pitados sah sarujuk masrahaken pamilihan dhateng satunggal priyantun inggih menika Abu Bakar ingkang milih Umar. Kanthi makaten, tegesipun Umar minggah palenggahan adhedhasar penggalhipun masarakat. Saking cariyos menika, prayoginipun masarakat saged sadhar anggenipun njagi pasedherekan. Saking jaman sahabatipun Rasulullah Saw. sampun paring tuladha pemilu sacara pedhami.

2) Perduli tumrap Rakyat

Topik pilar *humanisasi* salajengipun inggih menika preduli tumrap sasama. Raos kamanungsan inggih menika satunggaling perkawis ingkang wigatos tumrap pagesanganipun manungsa sacara masarakat. Islam paring piwulang supados nggadhahi sipat preduli tumrap sasami. Islam minangka agami *rahmatan lil 'alamin* dados rahmat tumrap sedaya manungsa. *Rahmatan lil 'alamin* menika saged kawujud lumantar raos preduli tumrap manungsa sanesipun. Pramila wonten antologi geguritan *Republik Tegal* boten kosong saking perkawis utawi nilai-nilai kamanungsan ingkang dupncawisaken tumrap pamaos. Adhedhasar analisis data, perkawis menika dipungambaraken salebeting sekawan geguritan kanthi irah-irahan *Lenggaong*, *Wolak-walik*, saha *Taun Politik*. Minangka gegambaran, wonten ing perangan menika badhe ngrembag pethilan gatra satunggaling geguritan kanthi irah-irahan *Wolak-walik*.

(20) *Wis pancen wolak-walik
 melasi nasibe wong cilik
 luruh dhuwit nganti kiplik-kiplik
 pejabat asik ngguyu ngikik*

(*Republik Tegal*, 2018: 45)

Pethilan data ing nginggil nedahaken jiwa *humanisasi* kanthi perduli tumrap nasib tiyang alit. *Profetisme* ingkang dipuncakaken wonten ing pagesangan sosiopolitik inggih menika raos kamanungsan ingkang prayoginipun dipuntuwuhaken dening pejabat. Lumantar geguritan kasebat, katitik wontenipun *humanisasi* amargi manungsa nglampahi *dehumanisasi*. Pejabat langkung majengaken kaperluan pribadi, satemah tebih saking raos *humanisasi*.

3) Perduli tumrap Kulawarga

Kulawarga saking pamawas agama Islam nggadhahi nilai ingkang boten sekedhik. Islam langkung wigatos sanget ngrembag pagesanganipun kulawarga kanthi wewaton-wewaton ingkang wicaksana dados sarana njagi pagesanganipun kulawarga saking risakipun kulawarga. *Humanisasi* ingkang dipuntuwuhaken lumantar sipat preduli tumrap kulawarga dipuntemokaken wonten geguritan kanthi irah-irahan *Kumyah-kumyah* saha *Pan Dadi Apa*. Wonten kangge nggambaraken jiwa *humanisasi* katingal salebeting pethilan geguritan *Kumyah-kumyah* ing ngandhap menika.

(21) ***Eling anak bojo***
weling wong tuwa
“Urip kuwé URIP... dudu mung
‘nggancrit...kpicirit’....”
 ...

(Republik Tegal, 2018: 36)

Pethilan geguritan ing nginggil ngewrat nilai profetik ingkang dados pepeling tumrap para koruptor ingkang nglampahi tumindak korupsi. Prayoginipun saderengipun nglampahi korupsi, kedah eling tumrap kulawarga. Eling tumrap welingipun tiyang sepuh. Sejatosisipun gesang panci kedah nggesangaken pagesangan. Lelampahan pagesanganipun manungsa prayoginipun mbekta paedah saha kaberkahan tumrap tiyang sanes. Kaluhuran wujud piwulang wonten falsafah menika dados ajaran ingkang nglantaraken manungsa supados dados manungsa kadospundi sejatosipun manungsa. Dados manungsa sejati adhedhasar *fitrah* sesipatanipun.

c. Nilai *Liberasi*

Kebebasan dipuntegesi kanthi teges ingkang *kompleks*. Sanadyan *konsep* saking tetembunganipun langkung *objektif*, ananging dipunadu saking maneka lintas dhisiplin kailmuan. Pilar *liberasi* dados upaya gegayutan kaliyan pambebasan ingkang dipunmadegaken negara supados tumindak degsiya, boten adil, *perbudakan*, panjajahan, saha sanesipun supados boten kedadosan sacara terusan kemawon ing bumi pertiwi menika. *Liberasi* utawi kebebasan dipunterapaken lumantar nilai *nahi munkar*. Kebebasan dados pandom ingkang wigatos salebeting agami Islam. Masarakat ingkang bebas inggih menika piyambakipun ingkang saged medharaken penggalih saha nglampahi *aktivitas* jumbuh kaliyan menapa ingkang dipunpenginaken, ananging taksih lelandhesan ridhonipun Gusti Allah.

Wonten ing ngandhap menika dipunrembag wujud *liberasi* ingkang dados perangan pilar nilai profetik ingkang kawrat wonten ing tiga topik. Inggih menika (1) perjuangan ngajeni pagesanganipun bangsa; (2) tumindak siya-siya salebeting kebebasan seni saha (3) kamardikan pagesangan.

1) Perjuangan Ngajeni Pagesanganing Bangsa

Kabebasan satunggaling negara dados pangajabipun bangsa pundi kemawon. Wujud kabebasan saking pilar *liberasi* dipunwujudaken kanthi perjuangan ngajeni pagesanganing bangsa ingkang katitik wonten ing geguritan *Apa Iya*.

(22) *Jaréné kon kerja kerja
tapi luruh kerjaan malah kangélan
buruh asing teka bruk-brukan*

*buruh njero negri kapiran
lulusan sarjana dadi pengangguran
apa maning lulusan SMA éwonan
lontang-lantung luruh gawéan
ah... apa iya negri kiyé jaréné
makmur loh jinawi*

(Republik Tegal, 2018: 42)

Pethilan gatra ing nginggil nggambaraken kahananipun nagara ingkang boten patos ngajeni bangsa kanthi titikan gatra “.../*buruh asing teka bruk-brukan/ buruh njero negri kapiran/...*”. panganggit raos ngajeni sanget tumrap bangsa ingkang prayoginipun dados perkawis ingkang kedah dipungatosaken dening pamrentah. Kahanan *globalisasi* boten menapa-napa mendhet saking negara manca. Ananging, *globalisasi* kedah kuwagang anggenipun mujudaken ewah-ewahan tumrap kahanan bangsa supados saged tetandhingan kaliyan bangsa saking negara manca. Pilar *liberasi* ingkang katitik ing geguritan menika ngajab supados bangsa nggadhahi hak pakaryan wonten ing negaranipun piyambak.

Lumantar geguritan kasebat, katingal priyatinipun panganggit tumrap pagesanganing bangsa, utaminipun gegayutan kaliyan lapangan pakaryan. Prayoginipun nagara ngunggulaken anak bangsa kanthi ngewontenaken lapangan pakaryan minangka dados cara ngirangi cacahipun pangangguran ing Indonesia. Panganggit medharaken sesanti ingkang dados semboyan negara Indonesia inggih menika *makmur loh jinawi*. Indonesia ingkang kawentar nggadhahi sumber daya alam ingkang kathah sejatosipun dados pangimpen bangsa ingkang taksih rekaos. Indonesia ingkang dipunsebat negara agraris, kasunyatanipun taksih impor bahan pangan saking negara manca.

Geguritan menika saged dipunsebat satunggaling wujud *unjuk rasa* tumrap semboyan pamrentah “*kerja, kerja, kerja*” ingkang nate dipununggulaken kanthi ancas saged mbekta pangebahan ekonomi saha kamakmuran masarakat. Kasunyatanipun, tenaga kerja ugi kathah ingkang dipunimpor saking negara manca. Sacara boten langsung, geguritan menika ngajak para pamaos supada medharaken *aspirasi* ingkang dados upaya anggenipun ningkataken nasib bangsa supados langkung sae. Supados kamajuaning bangsa lumampah, panganggit ngajak pamaos nyuda raosing penggalih minangka panjurung saha panyengkuyung salebeting lampahan makmuraken pagesanganing bangsa. Kamakmuran bangsa bakal ngrembaka anggenipun mujudaken manungsa ingkang majengaken kabudayan bangsa.

Kanthi andharan ing nginggil, pagesangan masarakat panci kedah dipunperjuwangaken. Menapadene Jaoolkar saha Matkar (2015: 53) bilih *realitas* masarakat wonten ing jaman samenika ingkang nggambarakan kasunyatan boten sedaya masarakat menika sami. Boten sedaya tiyang utawi masarakat menika dipunparingi kelodhangan adil anggenipun nggayuh pagesangan. Ingkang langkung awon, boten sedaya masarakat dipunajeni minangka manungsa. Pramila ngajeni pagesanganing bangsa kalebet satunggaling kamardikan ugi perangan *liberasi* anggenipun mujudaken bangsa ingkang tentrem kreta raharja.

2) Tumindak Siya-siya tumrap Kabebasan Seni

Salah satunggaling titikan nilai profetik *liberasi* inggih menika tumindak siya-siya tumrap kabebasan seni (Kuntowijoyo, 2006: 13-14). Salebeting antologi

geguritan *Republik Tegal*an kawrat ing geguritan *Nging* ingkang dipunandharaken ngandhap menika.

(23) *muteri alun-alun ngromed puisi
dipabag polisi karo abri*

(*Republik Tegal*an, 2018: 72)

Data ing nginggil nedahaken winatesing kabebasan seni. Kabebasan salebeting jaman reformasi panci ndamel hak-hakipun manungsa. Tumindak degsiya ingkang ngrembaka salebeting jaman Orde Baru mbetahaken wosing nilai profetik bilih kabebasan minangka perangan saking piwulang agami. Pramila, nalika jaman semanten para sastrawan ingkang nglampahi pagesangan pait amargi nyuwantenaken kabebasan kedah raos rila nampi tumindak degsiya saking aparat. Kanthi makaten nilai profetik *liberasi* kaajab saged ngimbangi hak-hak gesangipun manungsa.

3) Kabebasan Pagesangan

Saben manungsa ing alam donya gadhah kekajengan supados gesangipun tansah mardika. Umar bin Khattab nate dhawuh bilih manungsa lair kanthi mardika. Kamardikan inggih menika hak saben bangsa. Saben-saben bangsa saha nagara bebas nemtokaken arah gegayuhanipun. Islam nyengkuyung misi kamardikan manungsa saking panjajahan saha mbebesaken saking kasudran, kabodhohan, kanistan, saha kasangsaran. Para nabi saha rasul mbekta misi kamardikan manungsa saking pepetenging pagesangan. Gusti Allah ngandharaken wahyu saking sawetawis wekdal kangge medalaken manungsa saking tumindak awon tumuju tumindak kesaenan. Nilai profetik ingkang ngandhut kamardikan

pagesanagan minangka perangan saking pilar *liberasi* dipuntemokaken wonten ing geguritan kanthi irah-irahan *Sing Tak Enteni Pemimpin Anyar*.

(24) *Apa ndeane enyong sampeyan kabeh lagi pada nyuwarakna soal kebebasan?*

Bebas saka apa?

Saka korupsi rezim sing sangsaya mana sangsaya ora mupakat?

(Republik Tegal, 2018: 59)

Satunggaling pangajab ageng tumrap kamakmuraning bangsa inggih menika kabebasan gesang. Pasemon ingkang dipungambaraken panganggit lumantar geguritan ing nginggil ingkang nagih janji kamardikan. Gegayutan kaliyan perkawis kasebat, panganggit nyuwantenaken teges kabebasan ingkang sejatosipun. Sejatosisipun kabebasan menika kabebasan saking tumindak awon. Jumbuh kaliyan titikan *liberasi* inggih menika nyegah angkara murka.

Kahanan mardika ingkang dipunajab salebeting geguritan inggih menika bebas saking tumindak korupsi. Tumindak degsiya menika bakal ndamel risakipun negara. Wondene *liberasi* ingkang hakiki inggih menika tumuju tumrap pangestunipun Gusti Allah.

C. Temuan Panaliten

Adhedhasar pirembagan ing ngginggil, kapanggihaken wujud perkawis sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*, inggih menika: (1) kuwasa: tumindak kuwasa saha pemimpin sejati; (2) konflik politik: konflik politik negatif; (3) demokrasi politik pemilu saha demonstrasi, (4) korupsi: nulak tumindak korupsi saha kedadosan tumindak korupsi. Kahanan perkawis sosiopolitik menika dipunjumbuhaken kaliyan konsep budaya politik

kepemimpinan Jawa ingkang mendhet saking kalih tokoh wayang, inggih menika Sengkuni ingkang edan kuwasa, kejem, serakah, julig, dusta, saha umuk. Wondene budaya politik kepemimpinan Semar inggih menika pamomong, tegas, saha waspada. Temuan menika nedahaken bilih kawontenan perkawis sosiopolitik masarakat boten uwal saking kultural utawi kabudayan Jawa ing madyaning masarakat.

Wondene temuan ngengingi perkawis nilai profetik inggih menika, (1) nilai *transendensi*, ingkang awujud pepeling pejah, tansah dedonga, tansah dzikir, kapitadosan tumrap kuwasaning Gusti, saha tansah tumindak sabar; (2) nilai *humanisasi*, ingkang awujud njagi pasedherekan, perduli tumrap rakyat, saha perduli tumrap kulawarga; (3) nilai *liberasi* awujud perjuangan ngajeni pagesangananing bangsa, tumindak siya-siya tumrap kabebasan seni, saha kabebasan pagesangan.

D. Winatesing Panaliten

Salebeting panaliten ingkang kalampahan, tamtu wonten kekirangan saha wewatesanipun. Panaliten kanthi irah-irahan *Realitas* Sosiopolitik saha Nilai Profetik salebeting Antologi Geguritan *Republik Tegal* taksih tebih saking kasampurnan jalaran winates saha *objek* ingkang dipuntaliti taksih kathah perkawis ingkang dipuntintangi langkung lebet malih. Wondene winatesing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika:

1. Menawi dipuntingali saking *objek* ingkang dipuntaliti, panaliten menika winates ngrembag geguritan mawi basa Jawa dialek Tegal inggih menika antologi geguritan *Republik Tegal*.
2. Menawi adhedhasar perkawis ingkang dipunrembag, panaliten menika namung ngrembag wujud perkawis sosiopolitik kultural saha nilai profetik salebeting antologi geguritan *Republik Tegal*.
3. Panaliten menika winates ngginakaken tintingan sosioantropologi religi sastra kemawon.
4. Antologi geguritan *Republik Tegal* boten sedaya ngrembag perkawis sosiopolitik kultural saha nilai profetik. Pramila panaliti mendhet pinten-pinten *sampel* kemawon. Sanesipun, asil panaliten ugi boten karembag sedaya salebeting pirembagan. Panaliti namung nggambaraken satunggaling perkawis kemawon kangge makili satunggaling data ingkang kapanggihaken.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar panaliten saha pirembagan ingkang sampun kaandharaken ing perangan saderengipun, saged dipunpendhet dudutan panaliten. Dudutan panaliten menika kaperang dados tiga inggih menika gayut kaliyan wujud perkawis sosipolitik kultural saha nilai *profetik*. Wondene dudutan panaliten kasebat kababaraken ing ngandhap menika.

Wujud wujud perkawis sosiopolitik kultural salebeting antologi geguritan *Republik Tegal* inggih menika: (1) kuwasa politik; (2) konflik politik; saha (3) demokrasi politik; (4) korupsi. Perkawis sosiopolitik menika ngewrat budaya politik cara Sengkuni ingkang gadhah jiwa edan kuwasa, kejem, serakah, julig, dusta, saha umuk sarta budaya politik cara Semar ingkang gadhah jiwa pamomong, tegas, saha waspada.

Nilai profetik ingkang kapanggihaken inggih menika (1) nilai *transendensi*, ingkang awujud pepeling pejah, tansah dedonga, tansah dzikir, kapitadosan tumrap kuwasaning Gusti, saha tansah tumindak sabar; (2) nilai *humanisasi*, ingkang awujud njagi pasedherekan, perduli tumrap rakyat, saha perduli tumrap kulawarga; (3) nilai *liberasi* awujud perjuangan ngajeni pagesanganing bangsa, tumindak siya-siya tumrap kabebasan seni, saha kabebasan pagesangan.

B. Pamrayogi

Panaliten ingkang katindakaken tumrap antologi geguritan *Republik Tegal* menika winates ngrembag wujud perkawis sosiopolitik kultural saha nilai *profetik*. Panaliti boten ngginakaken pirembagan sanesipun kangge nintingi perangan ingkang dereng dipunrembag salebeting panaliten menika. Pirembagan panaliten menika ngginakaken *perspektif* sosioantropologi religi sastra. Pramila panaliten salajengipun prayogi migunakaken *perspektif* sanesipun kangge naliti antologi geguritan *Republik Tegal*.

C. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten “*Realitas Sosiopolitik saha Nilai Profetik* salebeting Antologi Geguritan *Republik Tegal* (Kajian Sosioantropologi Religi Sastra), implikasinipun inggih menika:

1. Asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge dhasar panaliten sanesipun, mliginipun gegayutan kaliyan kajian sosioantropologi religi sastra.
2. Asiling panaliten saged dipunginakaken kangge bahan ajar pasinaon basa Jawi ing sekolah mliginipun ing wewengkon ingkang ngginakaken bahasa Jawi dialek Tegal. Pramila para siswa saged nyinau ngengingi wujud aspek sosiopolitik kultural saha nilai *profetik* salebeting geguritan.
3. Dipunkajengaken awit saking panaliten menika saged tuwuh panaliten-panaliten sanesipun ingkang gegayutan kaliyan tintingan sosioantropologi religi sastra saha panaliten sastra sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Al-Ma'ruf, A. I. dan Nugrahani, F. (2017). *Pengkajian Sastra: Teori dan Aplikasi*. Surakarta: CV Djiwa Amarta Press.
- Anwar, A. (2015). *Teori Sosial Sastra*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- Anwar, W. (2007). *Kuntowijoyo: Karya dan Dunianya*. Jakarta: Grasindo.
- Darmadi, Hamid. (2009). *Dasar Konsep Pendidikan Moral*. Bandung: Penerbit Alfabeta
- Djirong, S. (2014). Kajian Antropologi Sastra Cerita Rakyat *Datumuseng Dan Maipa Deapati*. *Jurnal Sawerigading*, Volume 20 (2), 215-226. <http://sawerigading.kemdikbud.go.id>.
- Doloh, M. (2018). Nilai Profetik dalam Puisi Karya Abdul Wachid B.S. *Tesis*, tidak diterbitkan, Universitas Negeri Yogyakarta, Yogyakarta.
- Emzir dan Rohman, S. (2015). *Teori dan Pengajaran Sastra*. Jakarta: Grafindo Persaja.
- Efendi, A. (2011). Pembelajaran Sastra Profetik sebagai Media Pengembangan Karakter Siswa. <http://lppmp.uny.ac.id/sites/lppmp.uny.ac.id>, diunduh pada 1 Desember 2019.
- _____. (2012). Realitas Profetik dalam Novel *Ketika Cinta Bertasbih* Karya Habiburrahman El-Shirazy. *Jurnal Litera*, Volume 11 (1): 72-82. Diunduh melalui <https://journal.uny.ac.id/index.php/litera>.
- Endraswara, S. (2011). *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: UNY Press.
- _____. (2013). *Metodologi Penelitian Antropologi Sastra*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- _____. (2014). Politik Gaya Sengkuni dan Estetika Semar Kajian Antropologi Sastra terhadap Pemilu Legislatif. *Jurnal Litera*, Volume 27 (4):105-205. Diunduh melalui <https://journal.uny.ac.id/index.php/litera>.
- Escarpit, R. (2005). *Sosiologi Sastra*. (Terjemahan Ida Sundari Husen). Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

- Faruk. (2016). *Pengantar Sosiologi Sastra dari Strykturalisme Genetik sampai Post-modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Guzman, A. P. (2016). *Ethnicity and Poetry: A Systems Theory Approach to Contemporary African American And Mexican American Poetry* (thesis). United States: Proquest.
- Hadi W. M., Abdul.. (2004). *Hermeniutika, Estetika, dan Religiuitas. Esai-esai Sastra Sufistik dan Seni Rupa*. Yogyakarta: Penerbit Matahari.
- Hartini. (2014). *Pengkajian Gender: Nilai-nilai Pendidikan Karakter dan Budi Pekerti dalam Sastra Wulang pada Naskah Jawa*. Surakarta: UNS Press.
- Herusatoto, B. (2008). *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Omba
- Hesarakı, M. R. (2014). Literature and Culture: Both Interaction and Effectiveness. *International Journal of Social Sciences (IJSS)*, Volume 4 (3). http://ijss.srbiau.ac.ir/article_6166_4c1d7ed17934f070cdc230d79b9ebc15.pdf
- Jaoolkar, V. dan Matkar, P. (2015). Social Realism in the Plays of Mahesh Dattani. *Journal of Literature, Languages, and Linguistics*, Volume 15. <https://www.iiste.org/Journals/index.php/JLLL/article/view/26768/27418>.
- Kartikasari, R., Anoegrajekti, N., dan Maslikatin, T. (2014). Realitas Sosial dan Representasi Fiksimini dalam Tinjauan Sosiologi Sastra. *Jurnal Publika Budaya*, Volume 2 (1), 50-57. <https://jurnal.unej.ac.id/index.php/PB/article/view/580>.
- Keesing, R.M. (2001). *Teori-Teori tentang Budaya* (terjemahan Amri Marzali). Stanford: CAS.
- Kuntowijoyo. (2006). *Maklumat Sastra Profetik*. Yogyakarta: Grafindo.
- _____. (2018). *Demokrasi dan Budaya Birokrasi*. Yogyakarta: IRCiSoD
- Mangunwijaya, Y. B. (1982). *Sastra dan Religiuitas*. Jakarta: Sinar Harapan.
- Maria dan Kecht, R. (2010). *"Disturbing Creativity?": Austrian Literature, Studies, and Cultural Politics*. U.S America: University of New Orleans Press. <https://www.jstor.org/stable/j.ctt1n2txgb.18>.
- Musa, M.F. (2011). Javanese Sufism and Prophetic Literature. *Cultura, International Journal of Philoshopy of Culture and Axiology*, Volume 8 (2): 189-208. <https://doi.org/10.2478/v10193-011-0027-7>.

- Nadrilun. (2012). *Mengenal Lebih Dekat Demokrasi di Indonesia*. Jakarta Timur: PT Balai Pustaka (Persero).
- Nuari, R. (2018). Nilai-nilai Pendidikan Multikultural dalam Babad Tanah Sunda Babad Tanah Cirebon sebagai Alternatif Bahan Ajar: Pendekatan Sosiologi Sastra. *Tesis*, tidak diterbitkan, Universitas Negeri Yogyakarta, Yogyakarta.
- Pandiangan, A. (2017). *Pengantar Ilmu Politik*. Semarang: Universitas Katolik Soegijapranata.
- Prabowo, D. P., dkk. (2002). *Geguritan Tradisional dalam Sastra Jawa*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Prabowo, D. P. (2017). Semangat Agraris dalam *Antologi Geguritan Sawegung Karya Sudi Yatmana*. *Jurnal Widyaparwa*, Volume 45 (1). DOI: <https://doi.org/10.26499/wdprw.v45i1.142>.
- Pradopo, R. D. (2014). *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: UGM Press.
- Radhika, F. (2018). Nilai Sosial Budaya Jawa dalam Novel Ahmad Tohari (Kajian Sosiologi Sastra). *Tesis*, tidak diterbitkan, Universitas Negeri Yogyakarta, Yogyakarta.
- Rahman, B. A. (2017). Relasi antara Sastra dan Politik (Analisis Unsur-unsur Politik dalam Puisi Masa Dinasti Umayyah). *Jurnal Bahasa dan Sastra Arab*, Volume 9 (1): 625-644.
- Ranclere, J. (2010). *Disensus: On Politics and Aesthetics*. New York: Continuum International Publishing Group.
- Ranjabar, J. (2013). *Sistem Sosial Budaya Indonesia: Suatu Pengantar*. Bandung: Alfabeta.
- Ratna, N. K. (2011). *Antropologi Sastra: Peranan Unsur-unsur Kebudayaan dalam Proses Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- _____. (2011). Antropologi Sastra: Perkenalan Awal. *Jurnal Metasastra*, Volume 4 (2). DOI: <http://dx.doi.org/10.26610/metasastra.2011.v4i2.150-159>.
- _____. (2015). *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Roqib, Moh. (2011). *Prophetic Education: Kontekstualisasi Filsafat dan Budaya Profetik dalam Pendidikan Islam*. Purwokerto: STAIN Press.

- Salam, Aprinus. (2016). *Politik Sastra Negara Ideologi: Latar Sosial-Politik Bangkitnya Puisi Sufi Pada Tahun 1980-an Hingga 1990-an*. Yogyakarta: Pusat Studi Kebudayaan UGM.
- Sampoerna, M. N. (2016). *Kajian Antropologi dan Nilai Pendidikan Karakter Religius dalam Pantun Adat Jambi serta Relevansinya terhadap Pembelajaran Sastra di SMP*. Tesis, tidak diterbitkan, Universitas Sebelas Maret, Surakarta.
- Satoto, S., dkk. (2000). *Sastra: Ideologi, Politik, dan Kekuasaan*. Surakarta: Muhammdiyah University Press.
- San Juan, E. Jr. (2015). *Kasaysayan, Sining, Lipunan: Ang Politika ng Panitikan sa Makabagong Panahon*. *Kritika Kultura*, Volume 24, 239-247. <https://journals.ateneo.edu/ojs/index.php/kk/article/view/KK2015.02409/2045>.
- Setiadi, E. M. dan Kolip Usman. (2013). *Pengantar Sosiologi Politik*. Jakarta: Kencana.
- Setiawan, L. dkk. (2018). *Antologi Puisi Republik Tegal*. Semarang: Balai Bahasa Jawa Tengah.
- Semi, A. M. (2012). *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Shi, L. dan Zhu, Q.W. (2018). Urban Space and Rerepresentation in Literary Study. *Open Journal of Social Science*, Volume (6): 223-229. DOI: 10.4236/jss.2018.69015.
- Siswanto. (2010). *Metode Penelitian Sastra Analisis Struktur Puisi*. Yogyakarta:ustaka Pelajar.
- Sudewa, I.K. dan Teguh, I.W. (2018). Mengkaji Sastra dan Budaya Membangun Demokrasi yang Sehat. Prosiding Seminar Nasional Sastra dan Budaya III, Denpasar, 28-29 Maret, 148-156.
- Sugiarti dan Andalas, E. F. (2018). *Perspektif Etik dalam Penelitian Sastra*. Malang: UMM Press.
- Sugihastuti. 2009. *Teori Apresiasi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Supratman, M. T. (2014). Korupsi dalam Cerpen Indonesia. *Interaksi Jurnal Kependidikan*, Volume 9 (1), 11-14. http://ejournal.unira.ac.id/index.php/jurnal_interaksi/article/view/114.
- Surbakti, Ramlan. (1992). *Memahami Ilmu Politik*. Jakarta: Gramedia Widya Sarana.

- Susatyo, Rachmat. (2008). *Seni dan Budaya Politik Jawa*. Yogyakarta: Koperasi Ilmu Pengetahuan Sosial.
- Taum, Y. Y. 2015. *Sastra dan Politik: Representasi Tragedi 1965 dalam Negara Orde Baru*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Teng, M. B. A. (2017). Filsafat Kebudayaan dan Sastra dalam Perspektif Sejarah. *Jurnal Ilmu Budaya*, Volume 5 (1), 69-75. <http://journal.unhas.ac.id/index.php/jib/article/viewFile/2360/1280>.
- Trianton, T. (2013). Estetika Profetik Ahmad Tohari dalam Khazanah Budaya *Cablaka*. *Jurnal Ibda*, Volume 11 (2), 211-226. DOI: [10.24090/IBDA.V11I2.80](https://doi.org/10.24090/IBDA.V11I2.80).
- Ulya,C., Nugraheni, W., dan Mujiyanto, Y. (2016). Metafora dalam Puisi Antikorupsi Karya Penyair Indonesia. *Jurnal Atavisme*, Volume 19 (2), 206-219. DOI: <https://doi.org/10.24257/atavisme.v19i2.246.206-219>
- Wachid, A., B.S. (2000). *Sastra Melawan Slogan*. Yogyakarta: Sahabat.
- _____. (2002). *Alam Religiositas: dari Surealisme ke Spiritualisme D. Zawawi Imron*. Yogyakarta: Gama Media.
- Wellek, R. dan Warren, A. (2016). *Teori Kesastraan*. Diterjemahkan oleh Melani Budiyanata. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Wibowo, A. (2013). *Pendidikan Karakter Berbasis Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wiyatmi. 2013. *Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

LAMPIRAN

Lampiran 1. Kertu data wujud *realitas* sosiopolitik kultural salebeting geguritan *Republik Tegal*.

No Data	Kode	Data	Perkawis Sosiopolitik				Konteks Kultural	Katrangan
			Kuwasa	Konflik Politik	Demokrasi Politik	Korupsi		
1	KI/1	//Wis mlaku adoh ora wani/nglinguk mburi/wanine dhong ana sing nguwuri/enyong emoh enyong ora gelem/dhuwit mung sadluwang/malah kelangan bebatiran//				√	Waspada	- Gambaran panulakan nampi suap - Konsep kepemimpinan Semar inggih menika tansah waspada. Boten gampil nampi suap ingkang ndamel kapitunan tumrap pagesangan sosial.
2	PDA/5	//Padha onggrongan padha/ klalen kaya ninggal lewa/toli kaya kuwe nganti/ kowen				√	Waspada	Panulakan tumindak korupsi, amargi korupsi bakal ndamel

		padha/ kejoblos nang/ kuburan/aja kaya kuwe, mbesuk/ kowen ngarti beleh/adong sing kaya kuwe/padha bae kendhat/ pan njegur geni mulad mulad/mbarengi klabang geni rate geni/segurunge maring neraka dilandrat/ toli manjing bui/merga korupsi utawa kolusi/kuwe apa dudu prekara sing gawe wirange keluarga//						sengsara ing donya saha akherat. • Gambaran sipat kepemimpinan Semar kanthi ngajengaken sipat ngatos-atos, bilih korupsi menika bakal damel wirangipun kulawarga.
3	Lg/6	//Aran sing diwedeni, sing disengit/mung bae akeh seneng/ lenggaong sing gawe/ oyage revolusi sosial /pamong praja kocar-kacir/ akeh sing godras getih/sabagja-bagjane didhongbreng mubeng		√				• Pamomong • Konflik <i>revolusi</i> sosial ingkang ngancem sistem politik kanthi wujud revolusi sosial. • Tokoh lenggaong majengaken patrap pamomong tumrap

		kota//						rakyat alit
4	Lg/6	//Polahe lenggaong merga/ akeh watake njejehi/ penguasane korup, kejem mbelani landa /bandhit-bandhit revolusi/ujud nyata rakyat sing dugal/akeh sing ngawag/wetenge ngelih pikiran ngalih/ora lurah ora lebe/ora camat ora wedana/ora pangreh praja ora bupati sapa sing nyolong dhuwite rakyat //				√	• Serakah	• Kahanan pejabat ingkang korupsi pejabat nalika taun 1989 • Patrap panguwasa ingkang serakah nglampahi tumindak korupsi jumbuh kaliyan gaya Sengkuni
5	Pp/18	// Pimpinan kuwe dudu barang sepele / ragad ngranggeh tahta ora pere-pere/gedhene laka padhane// // Pimpinan kuwe dadi panutan /aja nganti	√				• Tegas	• Pimpinan ingkang sejatosipun inggih menika ingkang dados panutan. • Konsep pemimpin <i>estetika</i> Semar inggih menika gadhah sipat tegas.

		diatur bawahan//						
6	KML/24	//Sepisan maning sing bener dudu Indonesia rayahan /tapi indonesia raya/toli kowen tetep cengkereg/sakarepe los mana/wong kuburane dhewek-dhewek/tapi ida laila yen/ nembangna lagu sing/ judhule siksa kubur/ sapa bae mbuh/insinyur/ direktur/bakul bubur bakale/ manjing kubur/sing takabur disiksa/ kejebur//	√				• Kedanan kuwasa	• Kritik panganggit tumrap kahanan masarakat ingkang rebatan kuwasa. • Kahanan masarakat ingkang edan kuwasa jumbuh kaliyan konsep pemimpin gaya Sengkuni.
7	INP/27	//Ana udan barat ngancaruwa bledhege ngampar-ngampar/ kebonan kebanjiran lemah-lemah padha longsor/wedhus kebo	√				• Kejem	• Kritik tumrap patrap pejabat ingkang boten perduli kaliyan kahananipun masarakat • Gambaran pemimpin ingkang kejem

		padha kenthir/rakyat pating njlerit/ esih ana bae kelakuan menungsa padhahal pejabat /tapi mateni hapene/bareng dicek neng umahe/dheweke lagi sante-sante/ngerti keadaan sing kaya kuwe rakyat ora dadi trimane//						jumbuh kaliyan gaya Sengkuni.
8	KKK/34	//Kipit dikipit/kepet dikepot/rakyat dijepit/ penguasane kepetet dilorod // //Kipat kipit/ dhuwit dilempit /kipat kepet/kampret//				√	• Serakah	• Tumindak pejabat korup ndamel kasangsaran rakyat. Menawi kepetet dilorod jabatanipun. • Gambaran konsep pemimpin ingkang serakah jumbuh kaliyan gaya Sengkuni
9	Kk/36	//Kumyah-kumyah/ sing mlebu weteng kudu genah/aja aspal				√	• Waspada	• Panulakan tumrap tumindak korupsi • Konsep budaya politik <i>estetika</i>

		ludhekan/ aja beras pliridan/aja bensin oplosan/aja lenga kolehan/aja amplop kebrangas//						Semar kanthi ngajengaken sipat ngatos-atos. Boten gampil anggenipun nglampahi tumindak korupsi.
9	AI/41	//Wanyad maju ora gawan/jaman saiki jaman dhuwitan/sing ora modhal ya bakal/ketendhang kaya bal/ngglethak nyangsang neng gawang/apa iya ora gawan/njaluk dadi dhewan/apa maning jaman edan/ora ngedan ora keduman/tapi apa iya...//			√		• Julig	• Kritik kahanan demokrasi. Cara nglenggahi kuwasa kedah mawi beya. • Kahanan politik ingkang nggayuh maneka cara kangge nglenggahi kuwasa.
10	AI/41	//endah melu-melu keduman/sampe-sampe kyai melu rayahan jabatan//	√				• Kedanan kuwasa	• Kahanan kyai ndherek rebatan kuwasa • Gambaran tokoh agami ingkang sejatosipun dados

								panutan rakyat, ananging samenika ndherek rayahan kuwasa
11	Ww/46	//Jarene kyai nuntun umat/saikine kyai malah melu ngrayah dadi pejabat//	√				• Kedanan kuwasa	• Kahanan rebatan kuwasa tumrap tokoh agami. • Gambaran tokoh agami ingkang sejatosipun dados panutan rakyat, ananging samenika ndherek rayahan kuwasa
12	CLP/50	//Bengi kiye anyeb jleb/ sakale awane panase ngenthak-ngenthak ora mufakat/ panase ati pengin munggah pangkat najan nganggo/ dalam ndadak//	√				• Kedanan kuwasa	• Kahanan cara nggayuh kuwasa ing madyaning masarakat sanadyan ngginakaken cara ingkang trep. • Gambaran satunggaling pemimpin ingkang jumbuh kaliyan gaya Sengkuni ingkang

		//Nyingkirna kanca- kanca/carane ngiwa mbuh peta ora/aja nganti keru kedhisitan kanca/sing penting lepettaline oman ora cepet ora keduman//						gadha patrap julig saha kedanan kuwasa
13	ISD/53	//Biyen pedami kowen mrekeca/ ngedebus nang nduwur panggung/ndhukung nyong sedulur /ora wurung bakale dusun kiye makmur/got-got mampet bakal lancar/runtah-runtah bakal ora njeprah//			√		Dusta	- Kahanan kampanye politik saking calon pemimpin ingkang remen ngumbar janji - Gambaran pemimpin gaya sengkuni ingkang gadha watak dusta, namung remen ngumbar janji supados rakyat sami kapitut anggenipun milih dados pemimpin.
14	STEP/61	//Apa ndeane/ enyong				√	Serakah	Kahanan korupsi

		sampeyan kabeh lagi pada nyuwarakna soal kebebasan?// //Bebas saka apa?/Saka korupsine rezim sing sangsaya mana/ sangsaya ora mupakat?//						ingkang saya ngrembaka Gambaran kahanan rezim ingkang serakah kanthi tandha korupsi ingkang tansaya ngrembaka
15	Ng/72	//Nging, gara-gara gemiyeen/kedebag- kedebag demo reformasi wuda sempakan mlayu- mlayu/muteri alun-alun ngromed puisi/dipabag polisi karo abri//			√		Kejem	- Kahanan demonstrasi nalika jaman reformasi - Kahanan pemimpin ingkang kejem jumbuh kaliyan konsep pemimpin gaya Sengkuni
16	Tm/74	//Tuma tumamu nglayab/ nongkrong ongang- onggang neng/ rambut klimise cukong/ njoged dansa neng	√				Edan kuwasa	- Kahanan rebatan kuwasa korsi politik - Gambaran kahanan pemimpin ingkang edan kuwasa jumbuh kaliyan gaya pemimpin

		rambut uwane/ndoro/nggaya pamer gengsi/ ambisi rebutan krosi /sadowane rambutmu sing dadi// karpet						Sengkuni
17	JP/75	//Embuh sapa bae sing dadi/ wong sing dipilih kae durung karuwan ngejak ngopi /njagong neng klasa bareng/kaya Kampret karo Cebong...//			√		• Umuk	• Pasemon tumrap kahanan pemilu kanthi ngunggulaken kapribadenipun calon pemimpin ingkang dipunpilih. Perkawis menika saged nyebabakan ewahipun karukunan masarakat. • Kahanan pemilu kanthi patrap Sengkuni inggih menika nggunggulaken kapribaden

								pemimpinipun piyambak- piyambak.
18	SKN/84	// Wis dadi kebiasaan/ saben limang taun sepisan mesthi/ana pemilihan umum/milih anggota dewan sing bakale/dadi perwakilan rakyat/mulane aja padha eram/angger ujug-ujug akeh politisi dadakan// //Wa Kaji Mukri sing dhongene ora pan urusan/akhire melu nimbrung omongan/mesthine kowen kabeh padha njaluk muji syukur/esih ana kancane dhewek sing gelem			√		• Pamomong	• Kahanan pemilu salebeting masarakat, adatipun wonten politisi ndadakan. Pangajab masarakat tumrap wontenipun wakil dewan ingkang gadhah sipat pamomong. • Sipat pamomong tumrap rakyat dados pangajab pemimpin jumbuh kaliyan konsep pemimpin Semar.

		pedhuli/nyalon dewan kuwe taaah nganggo dhuwit warisan/mbuh nganggo dhuwit menang totohan/sing jelas Karijan dhuwe niat kepengin/mbela rakyat eben ning taun-taun ngarep/uripe ora padha kecingkrangan...//						
19	Kj/87	//Ora sethithik sing ngalami berag/akeh uga sing ngranapi tatu krasa kajogan/kajogan merga kabeh sing wis direncana ora katemahan/kajogan wis mbagi dhuwit sawaring/tapi ora dadi gubernur/kajogan wis mbagi sembako ning/ ora dadi walikota//			√		• Julig	• Kahanan politik uang salebeting pemilu 2009 ingkang ndamel kabegjan saha kapitunan masarakat. • Kahanan calon pemimpin kanthi sipat julig, ngginakaken cara ingkang trep kangge nggayuh kuwasa.

20	APS/94	//Coba sampeyan sing sokan gedhubragan/ ngumbar omong kosong/ pasang janji gombal /nek enyong ora milih/apa sampeyan bisa dadi wong terpilih//			√		• Dusta	• Pasemon kahanan pemilu kanthi nggambaraken kathahipun calon pemimpin ingkang ngumbar janji gombal. • Gambaran sipat pemimpin gaya Sengkuni ingkang remen ngumbar janji.
21	INR/95	//enyong njaluk pangapura ya bos kampret /sebab nyong ngrungokna sampeyan ngobrol/ omong dobol kaya bakul cendhol /jebule ababe mambu jengkol//			√		• Dusta	• Kahanan pahargyan demokrasi ingkang ngewrat pasemon tumrap <i>kampret</i> minangka sebatan kangge calon pemimpin saha <i>simpatisan</i> saking kubu Prabowo. • Gambaran pemimpin ingkang namung ngumbar janji.

22	TP/98	//Kaluwargane seneng sit, soal rakyat urusan mburi/ ngko angger dadi ben katon mbelani rakyat/nggo pantes-pantes mbangun dalan aspal paping/tapi rakyat cuma diiming-imingi impen-impen/tetep mlarat, padhahal belane saporete demi calon sing didukung//			√		• Dusta	• Kahanan calon pemimpin salebeting pemilu ingkang ngumbar maneka janji. • Gambaran sipat julig salebeting kahanan calon pemimpin ingkang nindakaken maneka cara supados rakyat saged kapilut milih.
23	Pc/99	//Jaman paceklik wong-wong uripe padha ngawur/ora nganggo aturan, nabrak-nabrak/sing penting bisa urip makmur/ora ndeleng apa-apa/ora ndeleng sapa-sapa/ jabatan dhuwur malah nggo kesempatan numpuk				√	• Serakah	• Patrap pejabat ingkang nglampahi tumindak korupsi • Gambaran pemimpin ingkang serakah anggenipunipun nglenggahi jabatan politik jumbuh kaliyan pemimpin

		dhuwit/nggo kabegjane dhewek/dhuwit rakyat kanggo bancakan /wong pinter agama ana kur nggo tameng/ora nuturi wong-wong sing padha ngempra/dheweke malah uripe ngawur//						gaya Sengkuni
24	WWK/107	// Dhuwit rakyat padha dikutil/maen sogok maring wong sipil /jare mung saupil/padhahal sakendhil//				√	• Serakah	• Gambaran kahanan pejabat ingkang nglampahi tumindak korupsi. • Gambaran pemimpin ingkang sipat serakah jumbuh kaliyan gaya pemimpin Sengkuni.
25	Go/113	//Luruh bareng/kerja bareng/malahan turu uga soka bareng/kur ning WC tok sing ora bisa bareng/giliran				√	• Serakah	• Gambaran kahanan korupsi ingkang dipunandharaken (Aku) • Sipat koruptor

		masalah dhuwit bisa bureng/						inggih menika serakah jumbuh kaliyan pemimpin gaya Sengkuni.
26	OB/117	//...tapi polisine kadhangkala ya semrawud/oprasi kadhang seenake wudel/ asal tilang asal cekel/sing akhir-akhire UUD: ujung-ujunge dhuwit//				√	• Serakah	• Kahanan korupsi awujud nyogok nalika operasi tilang. • Sipat koruptor ingkang dipungambaraken inggih menika serakah, jumbuh kaliyan gaya pemimpin Sengkuni.

Lampiran 2. Kertu data wujud nilai profetik salebeting geguritan *Republik Tegal*.

No.	Aspek Nilai Profetik	Wujud Nilai Profetik	Data	Katrangan	Kode	No. Data
1.	<i>Transendensi</i>	1. Pepeling pejah	//Padha onggrongan padha kelalen kaya ninggal lewa/ toli kaya kuwe nganti kowen padha kejeblos nang kuburan //	• Pepeling bilih sedaya manungsa bakal mlebet sasana laya.	PDA/5	27
			//sakarepe mana/ wong kuburane dhewek-dhewek / tapi ida laila yen nembangna lagu sing judhule siksa kubur/ tapi sapa bae embuh/ insinyur/ direktur/ bakul bubur bakale manjing kubur/ sing takabur disiksa kejebur//	• Pepeling bilih samangke wonten ing alam kubur bakal piyambak-piyambak. Sinten mawon ingkang gadhah patrap awon bakal pikantuk siksa kubur.	KML/24	28
		2. Tansah dedonga	//Pangeran ya Pangerane enyong/ kye dedongane enyong sing lagi ngambang/ nang awang-awang sajeroning zaman sing serba/mleset kabeh...//	• Tansah dedonga salebeting nglampahi pagesangan.	STEP/60	29
			//...sing apik saiki bareng dedonga / muga-mugaha Karijan dadi anggota dewan/ digawea anggota dewan/ muga-mugaha ora pecicilan...//	• Ngajak supados sami dedonga tumrap calon anggota dewan.	SKN/85	30

			//Wis kamiluyuten umat padha dedonga / njaluk dikabulna/ mulane ayuh padha balik/ maring ilmu sangkanparan...//	• Ngajak supados tansah dedonga. Amargi hakikatipun manungsa inggih menika sangkanparaning dumadi.	USM/26	31
		3. Tansah dzikir	//...eben imbang anggone pikir karo dzikir / dadi iman ngewujudna rasa aman//	• Dzikir dados sarana ngimbangi penggalhipun manungsa	USM/26	33
			//yuh padha sregep dzikire maring Gusti Allah/eling-pengeling maring sedulur ben urip berkah/ora kebendu//	• Pangajak supados tansah dzikir. Dzikir minangka sarana supados tansah eling tumrap Gusti Allah	Pc/99	34
		4. Kapitadosan tumrap wujud kuwasanipun Gusti Allah	//...tapi sing jelas gedhe bedane nar karo nur/ kepala desa karo kepala dosa/ pan nang sorga apa pan nang neraka //	• Kapitadosan wontenipun suwarga saha neraka minangka wujud kuwasaning Pangeran.	INP/28	35
			//Kanca-kanca sakringkelan padha njenggirat/ mlayu maring jaba ndeleng cemlorote lintang nang dhuwure umah/ sekal budhal maring umah dhewek-dhewek/ nggawa pitakonan kedadean lintang ngalih/ ngemu misteri nganti saiki durung ngerteni/ firasat lintang	• Kapitadosan wontenipun kedadosan lintang ngalih minangka wujud kuwasaning Gusti Allah.	CLP/50	36

			ngalih/ sampe tekane pati ngadhepi pejaratane/ dhewek-dhewek/ astaghfirullahal ‘adzim lil muslimin wal muslimat//			
		5. Tansah tumindak sabar	//Mangan padha segane/turu padha ambene/ngorok uga padha suwarane/tapine karakter bisa sakarepe/senajan sekolah nganti dhuwur/ora gampang kaya wong nandur/pancen kudu sabar //	• Data nedahaken supados tansah sabar anggenipun ngadhepi priyantun sanes.	Go/113	37
			// Sabare wong bebojonan...//	• Data nedahaken supados sabar anggenipun nglampahi bebojonan.	KKK/34	38
2.	Humanisasi	1. Njagi paseduluran	//...wis mlaku adoh ora wani nglinguk mburi/ wanine dhong nguwuri/ enyong emoh enyong ora gelem/ dhuwit mung sadluwang/ malah kelangan bebatiran //	• Data nedahaken tiyang ingkang boten purun nglampahi tumindak awon amargi jirih dados damel crahipun kekancan.	KI/1	39
			//gara-gara sejen pilihan/ apa kudu pedot jakwirane / dadi ora ngopi bareng//	• Sanadyan beda pilihan pemimpin, ananging sampun ngantos ndamel crahipun kekancan.	JP/75	40
		2. Perduli tumrap	// lenggaong laka wedine/ dhuwite wong sing onggrongan	• Raos perduli saking tokoh lenggaong	Lg/6	41

		rakyat	pendirangan/ dibagi nggo rakyat sing mlarate nggendhong penjaratan//	tumrap pagesanganing masarakat.		
			//Wis pancen wolak-walik/ melasi nasibe wong cilik/ luruh dhuwit nganti kiplik-kiplik/ pejabate asik ngguyu ngikik//	• Raos perduli saking panganggit tumrap nasib tiyang alit.	Ww/45	42
		4. Perduli tumrap kulawarga	// Eling anak bojo/ weling wong tuwa/ “urip kuwe urip, dudu mung ngancrit...kapticirit//	• Pepeling supados perduli tumrap kulawarga.	Kk/36	43
			//...kuwe apa dudu prekara sing gawe wirange keluarga//	• Tansah ngatos-atos supados boten damel wirangipun kulawarga	PDA/5	44
3.	Liberasi	1. Perjuangan ngajeni pagesanganipun bangsa	// jarene kon kerja kerja/ tapi luruh kerjaan malah kangelan/ buruh asing teka bruk-brukan/ buruh njero negri kapiran/ lulusan sarjana dadi pengangguran/ apa maning lulusan SMA ewonan/ lontang-lantung luruh gawean/ ah.. apa iya jare negeri kiye makmur loh jinawi...”	• Kritik tumrap negara ingkang boten ngajeni perjuangan pagesanganing bangsa.	AI/42	45
		2. Tumindak siya-siya tumrap kabebasan seni	//...muteri alun-alun ngromed puisi/dipabag polisi karo abri//	• Data nedahaken sipat kejemipun polisi saha abri nalika demo	Ng/72	46

				reformasi kanthi njarah para sastrawan ingkang mbabaraken unsur politik.		
		3. Kabebasan pagesangan	Gatra: ".../Apa ndeane enyong sampeyan kabeh lagi pada/ nyuwarakna soal kebebasan?/ Bebas saka apa?/ Saka korupsine rezim sing sangsaya mana/ sangsaya ora mupakat?/ saka wong-wong mlarat sing disulap dadi angka statistik?/	Gegambaran sejatosipun manungsa mbetahaken kebebasan mliginipun saking rezim ingkang korup.	STEP/ 59	47